

GID POU MOUN

aje pou asirans medical

Yon gid pou moun aje
ak moun ki gen nenpòt
ki laj ki bezwen sèvis
swen alontèm.

MAS 2022



Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Health and Human Services
MassHealth | Massachusetts Health Connector

Medyatè MassHealth pou Akomodasyon moun ki gen Andikap

MassHealth genyen yon medyatè ki la pou ede manm yo ak aplikan yo ki gen andikap jwenn akomodasyon yo bezwen. Ofis sa a tou ka ofri yo asistans pèsonèl nan eksplike pwosesis ak egzijans MassHealth yo epi ede yo ranpli fòm pa telefòn. Moun ki soud, moun ki tande di oswa moun ki gen difikilte pou pale ka rele sou VRS (Sèvis Retransmision Vwa) oswa avèk TTY (Teleenprimè). Ou ka toujou jwenn asistans an pèsòn nan yon Sant Enskripsyon MassHealth (MassHealth Enrollment Center - MEC).

MassHealth ka ofri asistans pèsonèl pa telefòn oswa pa imèl epi li ka ofri kèk piblikasyon nan fòma sa yo:

- gwo lèt;
- elektwonik; ak
- karaktè Bray.

MassHealth Disability Accommodation Ombudsman

100 Hancock Street, 6th floor
Quincy, MA 02171

Phone: (617) 847-3468 TTY: (617) 847-3788
ADAAccommodations@state.ma.us

Atansyon moun ki pa sitwayen ameriken yo!

W ap jwenn kèk enfòmasyon enpòtan ou bezwen konnen lè w ap aplike pou MassHealth Limited ak Health Safety Net la nan paj 3 a.

KONTNI

ENTWODIKSYON	2
Tanpri kenbe gid sa a.	2
Ki sa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth, Health Safety Net la, oswa plan Health Connector yo . .	3
Ki sa moun ki pa sitwayen ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth oswa plan Health Connector yo.	3
Ki sa moun ki pa sitwayen ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth Limited ak Health Safety Net la	3
Ki sa vizitè yo bezwen konnen lè y ap aplike . .	4
Seksyon 1	
Aplike pou MassHealth, Massachusetts Health Connector oswa Health Safety Net la — pou moun aje ki abite lakay yo li enkli moun nenpòt laj ki bezwen resevwa sèvis swen alontèm pandan yo abite lakay yo	5
Enfòmasyon sou MassHealth oswa Health Safety Net pou moun aje ki abite lakay yo . . .	5
Règleman jeneral sou elijiblite	5
Enfòmasyon sou Pwogram pou moun ki abite lakay yo epi ki bezwen sèvis swen alontèm. . .	8
Aplike pou MassHealth oswa Health Safety Net. .	11
Seksyon 2	
Aplike pou MassHealth—pou moun ki nan yon sant ki bay swen alontèm oswa k ap rete tann pou rantre nan yon sant ki bay swen alontèm	13
Enfòmasyon sou swen alontèm.	13
Règleman jeneral sou elijiblite pou swen alontèm.	13
Règleman sou byen ki pou moun ki nan yon sant ki bay swen alontèm, oswa kap tann pou yo rantre nan yon sant ki bay swen alontèm ak moun ki abite lakay yo epi ki bezwen sèvis alontèm	15
Kantite lajan malad la peye	16
Kouman pou fè aplikasyon pou MassHealth . .	17
Seksyon 3	
Règleman espesyal sou elijiblite daprè revni nan MassHealth Standard—pou moun ki gen 65 an oswa plis epi ki bezwen sèvis oksilyè pou swen pèsonèl pou yo ka viv lakay yo . .	18

Seksyon 4	
Massachusetts Health Connector	20
Seksyon 5	
Health Safety Net la	23
Seksyon 6	
MassHealth ak lòt benefis	25
Kat MassHealth.	25
Tip asirans MassHealth	25
Lòt pwogram	28
Seksyon 7	
Dwa w yo, Responsablitè w yo ak lòt enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen sou MassHealth	30
Konfidansyalite ak tretman san patipri	30
Reprezantan otorize.	31
Pèmisyon pou pataje enfòmasyon	31
Rapòte chanjman yo	32
Bay enfòmasyon ki kòrèk.	32
Desizyon nou ak dwa w genyen pou fè apèl . .	32
Enfòmasyon sou fason pou resevwa sèvis medikal pandan w gen MassHealth Standard, Family Assistance oswa Limited.	32
Si oumenm oswa mamm fanmi w fè yon aksidan .	32
Desizyon nou	33
Enfòmasyon sou kotpa ak prim pou endyen ameriken/natif Alaska.	33
Fason nou itilize nimewo sekirite sosyal ou. .	33
Rekiperasyon sou siksesyon kèk manm lè yo fin mouri.	34
Ranbousman ki soti nan pansyon anyèl yo . .	35
Siyen pou vote	35
Seksyon 8	
Règ sou sitwayènèt ameriken ak imigrasyon .	36
Sitwayen/resòtisan ameriken	36
Moun ki pa sitwayen ameriken	36
Imigran ki nan peyi a legalman	36
Kondisyon pou estati sitwayen/resòtisan ameriken pou MassHealth ak plan Health Connector yo	
Kondisyon pou idantite pou Health Safety Net la	40
Seksyon 9	
Ki kote pou w jwenn èd	42
Tablo sou Nivo Povrete Federal yo (pa anndan kouvèti aryè a)	

ENTWODIKSYON

Gid pou moun aje pou asirans medikal: Yon gid pou moun aje ak moun ki gen nenpòt ki laj ki bezwen sèvis swen alontèm

MassHealth, Massachusetts Health Connector ak Health Safety Net bay tout yon seri benefis medikal ak lòt benefis toujou. Lwa federal ak leta otorize pwogram sa yo.

Gid sa se pou rezidan Massachusetts ki

- gen 65 an oswa plis epi ki abite lakay yo; oswa
- andikape epi w ap travay 40 èdtan pa mwa oswa plis oubyen ap travay aktyèlman epi w te travay omwen 240 èdtan nan sis mwa ki imedyatman presede mwa ou aplike a; oswa
- gen nenpòt ki laj epi kap rete tann pou yo rantre nan yon sant kote yo resevwa swen alontèm; oswa
- gen dwa, swivan kèk pwogram, pou yo jwenn swen alontèm pou yo ka rete viv lakay yo; oswa
- ap aplike pou plan Health Connector yo.

Gid sa kapab **pa** pou ou si w

- se yon paran oswa yon fanmi* k ap pran swen timoun ki poko gen 19 an oswa
- ap aplike pou kèk timoun imigran ki andikape ki poko gen 19 an ki abite nan mezon ki bay swen oswa lòt sant ki bay swen alontèm.

* Yon manm fanmi kap okipe yon timoun, se yon moun ki abite nan menm kay ak yon timoun ki poko gen 19 an, epi ki fanmi ak timoun ki poko gen 19 an, lèfini se moun sa a ki se moun prensipal kap okipe timoun nan paske manman ak papa timoun nan pa nan kay la.

Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 pou w ka konnen si yon lòt ti liv, ki rele Ti liv pou Manm lan, fèt pou ou.

Yo kapab itilize aplikasyon MassHealth yo pou aplike pou Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplementè (SNAP). SNAP se yon pwogram federal ki ede w achte bon jan manje chak mwa. Si w vle aplike pou SNAP tou, tcheke ti bwat kote pou tcheke SNAP la e ki sou premye paj aplikasyon MassHealth la; li dwa ak responsablite yo epi siyen aplikasyon an. Ou pa bezwen aplike pou Pwogram SNAP la pou yo ka konsidere w pou MassHealth.

Tanpri kenbe gid sa a.

Li gen enfòmasyon ki enpòtan pou gade apre w fin fè aplikasyon pou MassHealth ak lè w vin manm MassHealth la. Li bay enfòmasyon jeneral sou:

- kouman pou fè aplikasyon pou MassHealth, plan Health Connector yo oswa Health Safety Net si w se yon moun aje ki abite lakay ou,
- kouman pou fè aplikasyon pou MassHealth si w nan yon sant pou swen alontèm oswa si wap rete tann pou w rantre nan yon sant pou swen alontèm oswa si w se yon moun ki bezwen swen alontèm lakay ou,
- règleman sou elijiblite,
- estati sitwayen/resòtisan ameriken ak kondisyon pou verifikasyon idantite*,
- enfòmasyon sou imigrasyon pou moun ki pa sitwayen ameriken (Gade nan Seksyon 8 pou jwenn enfòmasyon konsènan estati imigrasyon ak elijiblite pou resevwa benefis.),
- diferan kalite asirans MassHealth genyen yo,
- kèk sèvis ak benefis ou ka jwenn nan chak kalite asirans yo,
- kijan pou fè pou jwenn sèvis ak benefis MassHealth yo,
- ki lè asirans lan kòmanse kouvri w,
- kouman règleman sou rekouvreman nan ka aksidan ak rekouvreman sou byen imobilye afekte w antanke manm MassHealth,
- dwa ak privilèj sou pwopriyete,
- dwa w ak responsablite w genyen yo, epi
- ki kote pou w jwenn èd.

* Gade Seksyon 8 pou w ka jwenn yon lis dokiman ki akseptab pou pwouve estati sitwayen/resòtisan ameriken ak idantite.

Gid sa a fèt pou sèvi sèlman kòm yon referans pou w genyen sou lamen epi li pa bay tout enfòmasyon okonplè sou règleman elijiblite yo, ni sou benefis ou ka jwenn nan MassHealth, plan Health Connector yo ak Health Safety Net la.

Ou ka jwenn detay sa yo nan règleman MassHealth lan ki nan 130 CMR 515.000 jouk 522.000, 450.000, 610.000, epi nan règleman Health Safety Net lan ki nan 101 CMR 613.00, epi nan règleman federal pou pwogram Health Connector yo ki nan 45 CFR 155.305 jouk nan 155.430.

Enfòmasyon ki make nan gid sa a rezante estanda sou revni ki an vigè 1e mas 2022; pou tou dènye enfòmasyon sou byen ak lòt enfòmasyon

MassHealth itilize pou detèmne elijiblite, gade nan www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Ki sa sitwayen/resòtisan ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth, Health Safety Net la, oswa plan Health Connector yo

Verifikasyon estati sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite se yon bagay ki obligatwa pou tout sitwayen/resòtisan ameriken k ap aplike pou MassHealth ak plan Health Connector yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans. Li obligatwa pou verifye idantite tout moun k ap fè aplikasyon pou Health Safety Net la. Gade nan Seksyon 8 pou plis enfòmasyon konsènan prèv sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite.

Si w bezwen bay prèv, fòm prèv ki pi komen pou ni sitwayènte/resòtisan ameriken ni idantite se yon paspò ameriken, yon sètifica sitwayènte ameriken oswa yon dokiman yon tribi endyen ameriken gouvènman federal la rekonèt ki montre swa ou se yon manm, swa ou afilye avèk tribi sa a. Ou ka pwouve sitwayènte/resòtisan ameriken tou avèk yon sètifica nesans publik peyi Etazini te ba w oswa yon rapò sou nesans yon sitwayen ameriken aletranje. Epitou idantite ka pwouve avèk yon pèmi kondui eta a ba w ki genyen foto moun nan sou li, yon kat didantite gouvènman an bay ki gen foto moun nan sou li oswa yon kat didantite lame ameriken an bay. Pou plis enfòmasyon detaye konsènan fason pou pwouve sitwayènte ak idantite, gade nan Seksyon 8. Nou ka pwouve idantite w atravè dosye nan Rejis Motè Veyikil Massachusetts si w gen yon pèmi pou kondui nan Massachusetts oswa ou gen yon kat didantite Massachusetts. Yon fwa ou ban nou prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken w ak idantite w, ou pap bezwen ban nou prèv sa a ankò. Ou dwe ban nou prèv idantite pou tout moun ki abite lakay ou k ap aplike. Moun aje yo ak moun ki andikape yo ki resevwa oswa ki ka resevwa Medicare oswa Revni Sekirite Siplementè (SSI) oswa moun ki andikape ki resevwa lajan nan men Sekirite Sosyal paske yo andikape (SSDI) pa bezwen bay prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken yo ak idantite yo. Yon timoun ki fèt kote manman l te dejà gen MassHealth nan dat timoun nan fèt la pa oblige bay prèv estati sitwayènte/resòtisan ameriken ak idantite. (Gade Seksyon 8 pou enfòmasyon konplè konsènan prèv ki akseptab.)

Pou èd pou ka jwenn kèk prèv tankou yon dosye nesans Massachusetts oswa enfòmasyon sou fason pou jwenn dosye nesans nan yon lòt eta, tanpri rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Ki sa moun ki pa sitwayen ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth oswa plan Health Connector yo

Pou jwenn tip swen medikal ki bay meyè asirans, ou dwe bay prèv estati imigrasyon ki satisfézan pou chak manm fanmi an k ap aplike.

Nou pral matche enfòmasyon an avèk ajans federal ak leta yo pou nou ka pwouve estati imigrasyon. Si sous done elektwonik pa kapab pwouve enfòmasyon yon moun deklare, nou pral mande dokimantasyon siplémentè. Nou pral voye yon notis pou Demann Enfòmasyon ki pral site tout prèv nou bezwen yo ansanm ak dat limit pou soumèt yo. W ap jwenn yon lis enfòmasyon sou estati imigrasyon nan Seksyon 8 oswa ale nan sit entènèt MassHealth la nan www.mass.gov/masshealth.

Ki sa moun ki pa sitwayen ameriken bezwen konnen lè y ap aplike pou MassHealth Limited ak Health Safety Net la

Moun ki pa sitwayen ameriken ki pa elijib pou yo gen yon nimewo sekirite sosyal oswa ki pa gen dokiman sou estati imigrasyon yo ka toujou kalifye pou MassHealth Limited oswa Health Safety Net la. Sepandan, yo pa bezwen ban nou:

- prèv revni yo; ak
- prèv idantite yo pou yo elijib pou Health Safety Net la.

Moun ki pa sitwayen ameriken pa bezwen soumèt ankenn dokiman sou imigrasyon avèk aplikasyon an si se sèlman pou pitit yo y ap aplike epi yo pap aplike pou asirans pou tèt pa yo.

Si moun yo pa gen souch chèk oswa dosye taks yo, yo ka pwouve revni yo nan lòt fason, tankou yo ka ban nou yon deklarasyon ki siyen anplwayè yo a fè ki genyen revni brit (anvan taks ak dediksyon) ansanm ak kantite èdtan moun nan te travay.

Nou pral kenbe aplikasyon yo ak enfòmasyon ki ladan yo konfidansyèl. Sa vle di:

- nou pa pral voye non ak adrès yo bay ofisyè imigrasyon; epi
- nou pa pral matche enfòmasyon avèk lòt ajans si moun yo pa gen nimewo sekirite sosyal.

Ki sa vizitè yo bezwen konnen lè y ap aplike

Moun ki pa rezidan Massachusetts pa elijib pou MassHealth oswa lòt benefis swen medikal Commonwealth of Massachusetts finanse. Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsonèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman swen enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon Massachusetts pou rezidan.

Gen yon lis sèvis legal gratis oubyen nan ba pri ki disponib sou sit entènèt MassHealth la nan adres www.mass.gov/masshealth. Si w ta renmen gen lis sa sou papye, rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

SEKSYON I

Aplike pou MassHealth, Massachusetts Health Connector oswa Health Safety Net la – pou moun aje ki abite lakay yo li enkli moun nenpòt laj ki bezwen resevwa sèvis swen alontèm pandan yo abite lakay yo

Enfòmasyon sou MassHealth oswa Health Safety Net pou moun aje ki abite lakay yo

Seksyon sa a bay enfòmasyon jeneral sou règleman elijiblité MassHealth pou moun ki gen 65 an oswa plis, ki abite lakay yo epi ki anjeneral pa bezwen resevwa sèvis swen alontèm. Li bay enfòmasyon sou kouman pou fè aplikasyon pou MassHealth oswa Health Safety Net tou. Si w pa elijib pou MassHealth, ou ka elijib pou Health Safety Net la, paske pwogram sa yo gen diferan règ pou elijiblité. Pou plis enfòmasyon konsènan Health Safety Net la, gade Seksyon 5 nan gid sa a.

Ou gen dwa kalifye tou pou achte yon plan asirans sante oswa dantè atravè Health Connector a si w ranpli kondisyon sa yo:

- ou se yon rezidan Massachusetts,
- ou se yon sitwayen ameriken, yon resòtsian ameriken oswa w abite legalman Ozetazini, epi
- ou pa nan prizon.

Kouvèti asirans maladi nan Massachusetts Health Connector pa menm ak MassHealth. Si w gen Medicare alò ou pap kalifye pou okenn frè pataje osinon okenn kredi taks, e w pap kapab pran yon plan asirans sante nan Health Connector a amwenske ou te enskri nan yon plan Health

Connector lè w te vin kalifye pou Medicare. Sèl lè ou gendwa fè aplikasyon pou pwogram Health Connector yo si w gen Medicare, se si w pa ko enskri nan Medicare men ta gen pou w peye pou prim Medicare Part A ou yo. Ou gendwa kalifye pou yon plan Health Connector nan sitiyasyon sa a.

Si w nan yon sant ki bay swen alontèm oswa si w ap rete tann pou rantre nan yon sant ki bay swen alontèm, li Seksyon 2 gid sa a, “Aplike pou MassHealth — pou moun ki nan yon sant ki bay swen alontèm oswa k ap rete tann pou rantre nan yon sant ki bay swen alontèm.”

Règleman jeneral sou elijiblité

Pou nou ka deside si w ka jwenn MassHealth, nou konsidere revni w ak byen ou yo, epi, nan kèk sikostans, kondisyon imigrasyon w.

Rezidans

Se pou w yon rezidan Leta Massachusetts pou w gen MassHealth oswa lòt kalite benefis swen medikal ke Commonwealth of Massachusetts la finanse. Amwenske li presize otreman nan règleman MassHealth yo, ou se yon rezidan leta Massachusetts si w abite Massachusetts epi w swa gen lentansyon abite nan Massachusetts, avèk oswa san yon adres fiks oswa w vin nan Massachusetts avèk yon kontra travay oswa w ap chèche travay. Li vle di se pou w abite nan Massachusetts epi w pa an vizit tanporè nan leta a.

Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman swen enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon pou MassHealth pou rezidan.

Nou pral konsidere rezidans yon moun pwouve si moun nan te deklare li se yon rezidan Massachusetts epi rezidans lan konfime atravè konparezon done elektwonik avèk ajans federal ak ajans leta yo oswa sèvis enfòmasyon oswa moun nan te bay nenpòt nan dokiman ki pral site la a.

- Yon kopi tit pwopriyete ak dosye pèman ipotèk ki pi resan (si ipotèk la te peye okonplè, yon kopi fakti enpo lokatif ane ki pi resan an)
- Yon fatik kouran oswa dlo ki resan oswa yon demann pou yo fè yon travay nan kay la nan 60 jou ki sot pase yo
- Yon deklarasyon ki sot nan yon fwaye pou sanzabri oswa yon founisè sèvis pou sanzabri
- Dosye eskolè (si se lekòl prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè)

- Dosye jadendanfan oswa gadri (si se lekòl prive, yo ka mande dokimantasyon siplémantè)
- Yon kontra “Section 8”
- Yon kontra asirans pou mèt kay
- Prèv enskripsyon pou depandan ki sou siveyans ou ki nan lekòl publik
- Yon kopi lwaye ak dènye pèman lwaye ou te fè
- Si w pa kapab ban nou ankenn nan dokiman ki site anwo yo, ou ka soumèt yon deklarasyon sou sèman ki sipòte rezidans ou an epi ki di ke w pap vizite Massachusetts pou rezon pèsònèl (pa egzanp vakans) oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman swen enfimye e se pou w siyen li anba pèn ak konsekans pou fo temwayaj.

Nimewo Sekirite Sosyal

Ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèv ou te aplike pou nimewo sosyal pou chak manm fanmi w k ap aplike, amwenske youn nan eksepsyon ki pral site anba yo aplike.

- Oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w genyen yon egzanpsyon reliye jan sa dekri nan lalwa federal.
- Oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w elijib sèlman pou resevwa yon SSN ki pa pèmèt ou travay.
- Oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w pa elijib pou gen yon SSN. Ale nan Seksyon 7, “Kijan nou itilize Nimewo Sosyal Sekirite w,” pou yon eksplikasyon sou otorite nou genyen pou nou itilize SSN ou.

Règleman sou revni

MassHealth konpare revni w fè pa mwa anvan dediksyon jiska yon sèten limit lalwa etabli. Limit sa yo baze sou yon nivo pou santaj gouvènman an etabli sou povrete, epi yo ogmante chak ane. Si w marye epi w abite ak mari w oswa madam ou, nou kontwole revni nou toulede pou nou deside si w ka jwenn MassHealth.

Pou detèmine kantite revni w, nou konsidere kantite lajan ou gen nan sekirite sosyal ou, nan panson ou, ak lòt revni w resevwa san se pa travay ou travay pou revni a (anvan yo fè dediksyon taks pou prim asirans Medicare, taks oswa lòt dediksyon).

Si w gen revni wap touche nan travay ou, nou pèmèt sèten dediksyon. (Anjeneral, nou kontwole apeprè lamwatye revni w touche pa mwa nan travay ou anvan dediksyon.)

Règleman sou revni—Franchiz la

Si revni w twò wo pou w jwenn MassHealth Standard*, Family Assistance oswa Limited, wap

gen yon franchiz. Nou ka di w kouman pou jwenn MassHealth si w ranpli kondisyon pou franchiz la.

Franchiz la se kantite total nan revni w touche pa mwa a ki depase limit revni MassHealth an etabli sou yon peryòd sis (6) mwa.

Pou ranpli kondisyon pou franchiz la, ou fèt pou gen bil medikal ki egal oswa ki pi plis pase kantite franchiz la. Ou ka itilize bil medikal pa w ak bil medikal pa madam ou oswa mari w. MassHealth pap peye pou bil medikal sa yo—se responsablité pa w yo ye. Epitou, bil ou itilize yo pa ka bil pou sèvis lòt asirans oumenm oswa madam ou oswa mari w, ta genyen.

* Epitou, gade nan Seksyon 3 a “Règleman espesyal sou elijiblite dapre revni nan MassHealth Standard—pou moun ki gen 65 an oswa plis epi ki bezwen sèvis oksilyè pou swen pèsònèl pou yo ka viv lakay yo.”

Revni brit ajiste modifye (MAGI)

Pou moun nan kominote a k ap fè aplikasyon e ki pokon gen 65 an, oubyen pou moun ki gen 65 an oubyen ki pi gran e ki mande pou yon desizyon MAGI pou yo jwenn benefis Health Connector yo, metodoloji MAGI sèvi pou fè kalkil revni a.

Yo baze elijiblite finansye sou revni brit ajiste modifye (Modified Adjusted Gross Income-MAGI). MAGI se revni w rapòt sou liy 22 sou fòm taks 1040 ou ranpli chak ane aprè yo fin soustrè dediksyon ki sou liy 23-35 yo. Apresa, yo mete sou li tou enterè ki gen egzanpsyon nan taks, esklizyon revni w fè aletranje ak sekirite sosyal ki gen egzansyon nan taks.

Revni nou konte — MAGI

- MAGI se revni ki make sou liy 7 dokiman 1040 lan lè w plen taks ou apre revni ki sou liy 22 nan Schedule 1 an ajoute e dediksyon sou liy 36 nan Schedule 1 a fin soustrè. Ansuit, ajoutman enterè ki egzonere sou enpo, eksklizyon sou revni ou touche aletranje ak revni sekirite sosyal ki ekskli taks ap fèt tou.
- Metodoloji MAGI enkli revni ou travay pou li tankou revni, poubwa, komisyón ak bonis.
- Metodoloji MAGI pa konte kontribisyón anvan taks nan plan rediksyon salè a (ki ka rive jiska \$2,500 oswa \$5,000 toudepan estati ke w mete nan taks ou) pou peman swen depandan, transpò, ak kèk frè medikal.
- Revni lè w travay ak tèt ou enkli nan revni brit ajiste, men kòd taks la pèmèt dediksyon pou divès kalite depans pou vwayaj ak divètisman ki gen rapò ak biznis lan (jiska yon limit) ak itilizasyon kay pèsònèl ou pou biznis. Si dediksyon yo depase revni w touche nan travay

ou fè ak tèt ou, pèt ou fè a ka konpanse lòt revni ou rapòte.

- Yo konte yon montan w resevwa nan yon sòm global kòm revni sèlman nan mwa w resevwa lajan sa a. Eksepsyon: pou plan ki nan Health Connector a, yo konte revni w resevwa nan yon sòm global nan ane ou te resevwa l la.

Dediksyon — MAGI

Sa ki pral site anba a se dediksyon yo pèmèt fè nan revni yo ka konte lè yo detèmine MAGI: depans edikatè; kèk depans komèsyal pou rezèvis, atis pèfòmans oubyen fonksyonè gouvenman ki gen revni baze sou frè; dediksyon nan kont depay medikal; frè demenajman pou manm fòs lame yo; pati dediktib nan taks lè w travay ak tèt ou; kontribisyon nan plan SEP, SIMPLE, ak nan plan ki kalifye yo lè w travay ak tèt ou; dediksyon pou asirans medikal lè w travay ak tèt ou; penalite sou retrè bonè nan kont depay; panson alimantè ke yo peye pou yon divòs, akò separasyon oswa lòd tribinal yo te finalize anvan 1^{ye} janvye 2019; dediksyon nan Individual Retirement Account (Kont Retrè Endividiyèl) (IRA); epi dediksyon enterè sou prè lajan pou etid.

Pou moun ki detèmine pou MAGI, n ap konpare enfòmasyon sa yo avèk sa lòt ajans ak lòt sous enfòmasyon lè n resevwa yon aplikasyon, lè n fè revizyon anyèl, epi peryodikman pou fè mizajou oubyen pou pwouve yon moun kalifye.

Ajans ak sous enfòmasyon sa yo ka enkli, men se pa sa sèlman, ajans ki annapre la yo: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub); Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance); Biwo Estatistik Demografik nan Depatman Lasante Piblik (Bureau of Vital Statistics in the Department of Public Health); Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents); Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services); Depatman Revni (Department of Revenue); Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations); Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration); Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements); Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance); konpayi asirans maladi, ak bank epi lòt etablisman finansye yo.

Yap jwenn enfòmasyon sou revni nan yon korespondans konparezon done elektwonik. Yo konsidere revni a pwouve si done revni a ke yo resevwa nan yon konparezon done elektwonik konpatib, nan yon manyè rezonab, avèk montan

revni ou te mete sou aplikasyon ou an. Si n pa kapab fè yon verifikasiyon elektwonik sou revni w, n ap mande prèv sou revni w.

Pou w sa resevwa osito posib nenpòt benefis ou sipoze resevwa, ou gendwa voye ban nou nenpòt ki dokimantasyon ou genyen k ap verifye revni tout moun ki nan kòkay la.

Règleman jeneral sou byen

MassHealth gade valè aktyèl tout byen ou genyen epi l konpare l ak limit sou byen yo. Pou tou dènye enfòmasyon sou byen ak lòt enfòmasyon MassHealth itilize pou detèmine elijiblite, gade nan www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members. Si w marye epi w abite ak mari w oswa madanm ou, nou ka kalkile konbyen lajan byen oumenm ak madanm ou oswa mari w posedè yo vo.

Byen nou ka konte

Byen yo ka konte enkli, men yo pa limite a, valè kont an bank*, sètifika depo (certificates of deposit), fon komen (mutual funds), tit (stocks and bonds), ak valè pwopriyete imobilyè, eksepte kay kote w rete a, si li satisfè kondisyon elijiblite yo.

* Dapre chapit 125 nan Lwa lane 2008 yo: Yon Lwa ki gen rapò ak egzante moun aje yo pou yo pa peye kèk frè bankè, enstitisyon finansye yo paka chaje moun aje yo pou kopí dosye labank oswa lòt dosye finansye si se MassHealth k ap mande enfòmasyon an.

Byen nou pa konte

Byen Nou Pa Konte:

- kay kote w rete a si li nan eta Massachusetts, amwenske w ap resevwa sèvis swen alontèm nan yon sant ki bay swen alontèm (gade Seksyon 2 nan gid sa a).

SONJE: Menm si nou pa konte valè kay ou, nou kapab reklame lajan sou byen w aprè w mouri. Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon byen, gade nan paj 34.

- yon machin pou chak kay
- kontra asirans lavi ki kouvri ni oumenm ni madanm ou oswa mari w, si valè nominal pou nou chak la se \$1,500 oswa mwens (Nou pa konte valè nominal pou kontra asirans a tèm yo.)
- anplasman tè pou antèman
- jiska \$1,500 pou chak moun, pou oumenm ak madanm ou oswa mari w, depi nou mete lajan sa a sou kote espesyalman pou depans pou antèman. Kantite lajan sa a:
 - fèt pou nan yon kontanbank apa epi ki idantife pou sa; oswa

- li ka sou fòm asirans lavi ou pran pou depans pou antèman si kantite lajan total valè nominal la pou nou chak se \$1,500 oswa mwens.
- yon fon plasman ak labank ki pou antèman e ke yo pa ka fè chanjman ladan l oswa yon kontra ki peye davans pou antèman e ke yo pa ka fè chanjman ladan l, epi kontra sa a gen kont lajan ladann pou fè depans pou fineray oswa antèman nan lavni.

Enfòmasyon sou Pwogram pou moun ki abite lakay yo epi ki bezwen sèvis swen alontèm

Moun ki abite lakay yo (timoun kou moun) ki bezwen plis èd pase sa manm fanmi an ka bay, kapab resevwa kèk sèvis swen alontèm pou ede yo rete nan kay la, olye pou yo ale nan yon sant ki bay swen alontèm. MassHealth ofri twa (3) tip pwogram ki pèmèt kèk manm MassHealth Standard jwenn sèvis swen alontèm lakay yo:

- Pwogram Egzansyon pou Sèvis ki Baze nan Kay epi nan Kominote (Home- and Community-Based Services, HCBS);
- Pwogram Kaileigh Mulligan (swen adomisil pou timoun enfim); ak
- Pwogram ki Gen tout Kalite Swen Ladan Pou Moun Aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE).

Chak pwogram gen pwòp kondisyon pou patisipe ak règleman pa li (sa enkli règleman sou revni ak byen moun posede).

Aplikan pou egzansyon yo ak manm yo dwe gen yon revni ki pi piti pase oswa egal 300% nan to benefis federal la.

Lè pou detèmine elijiblite finansyè pou egzonerasyon sa yo, MassHealth pran an konsiderasyon byen ni moun k ap fè aplikasyon pou egzonerasyon an ni madanm oubyen mari l, men l pran an konsiderasyon sèlman revni moun k ap fè aplikasyon pou egzonerasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon andetay sou kijan nou kontwole byen ki konte yo, gade nan “Règleman sou Byen ki pou Moun ki nan yon Sant ki bay Swen Alontèm oswa kap Tann pou yo Rantre nan yon Sant ki bay Swen Alontèm ak Moun ki Abite Lakay yo epi ki Bezwèn Sèvis Alontèm” nan paj 15 ti liv sa a.

Egzanpsyon pou Sèvis ki Baze nan Kay epi nan Kominote

MassHealth travay avèk lòt ajans leta pou li administre egzonerasyon pou Sèvis ki Baze nan Kay epi nan Kominote (Home- and Community-Based Services Waivers, HCBS). Yo se pwogram MassHealth

ki bay aksè nan sèvis ak sipò alontèm pou ede moun ki aje ak pèsonaj ki gen andikap epi ki elijib, rete viv nan kominote a. Moun k ap patisipe nan pwogram egzonerasyon HCBS yo gen aksè nan sèvis òdinè MassHealth ak sèvis ki disponib nan egzonerasyon HCBS kote yo enskri ladan l lan. Gen dis diferan egzonerasyon MassHealth HCBS nan Massachusetts. Pou patisipe nan nenpòt nan egzonerasyon HCBS yo, se pou w elijib pou MassHealth Standard epi se pou w satisfè sèten kondisyon. Tip kondisyon sa yo se “elijiblite medikal” ak “elijiblite finansyè”.

Elijiblite medikal detèmine nan yon evalyasyon sou sitiyasyon epi bezwen medikal ou yo. Kominike tanpri avèk ajans k ap fè evalyason medikal la pou w jwen plis ransèyman sou pwosede a.

Moun k ap fè aplikasyon ak manm egzonerasyon an dwe gen yon revni ki swa pi piti pase oswa egal 300% nan to benefis federal la.

Lè pou detèmine elijiblite finansyè pou egzonerasyon sa yo, MassHealth pran an konsiderasyon byen ni moun k ap fè aplikasyon pou egzonerasyon an ni madanm oubyen mari l, men l pran an konsiderasyon sèlman revni moun k ap fè aplikasyon pou egzonerasyon an.

SONJE: Pou pwogram Kaileigh Mulligan lan, yap detèmine elijiblite finansyè san yo pa kalkile revni ak byen paran yo.

Moun ki elijib gendwa enskri sèlman nan youn nan egzonerasyon HCBS yo alafwa. Pandan yo enskri nan yon egzonerasyon HCBS, moun k ap patisipe nan egzonerasyon an pa gendwa enskri nan All-inclusive Care for the Elderly (PACE), One Care, oubyen Senior Care Options (SCO). Eksepsyon an se ke yon patisipan ki alaj 65 an oubyen pi gran epi ki enskri nan egzonerasyon moun aje frèl, jan sa dekri nan paj 9 la, gendwa enskri nan SCO.

Egzansyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote pou Moun Aje Frèl yo

Kisa li ye epi ki moun li ede

- Li pèmèt sèten moun ki gen ant 60 an jouk 64 an e ki andikape nèt ale epi yon fason pèmanan, oubyen moun ki gen 65 an oswa ki pi gran ke yo andikape ou non, pou yo rete lakay yo epi resevwa sèvis egzansyon espesifik (tankou menajè, transpò ki pa pou swen medikal, ak livrezon manje adomisil).
- Patisipan yo ki gen egzansyon gendwa resevwa tou sèvis ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Li egzije pou manm lan benefisyè yon nivo swen medikal ki egal ak sa yo founi nan yon

etablisman enfimyè, dapre yon evalyasyon klinik pou egzanpsyon ke yon enfimyè Pwen daksè nan sèvis pou moun aje (Aging Services Access Point, ASAP) fè.

Kijan epi ki kote pou fè aplikasyon

Pou mande yon egzanpsyon pou moun aje ki frajil (Frail Elder Waiver), kominike tanpri avèk ajans Pwen daksè nan sèvis pou moun aje (Aging Services Access Point, ASAP) la depi w konpoze nimewo (800) AGE-INFO (243-4636), TTY: MassRelay 711.

Egzansyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote pou Moun Ki Gen Chòk Twomatik nan Sèvo

Kisa li ye epi ki moun li ede

- Li pèmèt sèten moun, ki gen ant 18 an jouk 64 an, e ki andikape nèt ale epi yon fason pèmanan oubyen moun ki gen 65 an oswa ki pi gran ke yo andikape ou non, ki gen yon chòk twomatik nan sèvo, jan Massachusetts Rehabilitation Commission (Komisyon Reyadaptasyon Massachusetts) dekri sa, pou l resevwa sèvis egzansyon espesifik lakay oubyen nan kominote a.
- Patisipan yo ki gen egzansyon gendwa resevwa tou sèvis ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Li egzije pou manm lan benefisye yon nivo swen medikal ki egal ak sa yo founi nan yon klinik swen enfimyè oubyen nan yon lopital, dapre yon evalyasyon klinik pou egzanpsyon ke Komisyon reyadaptasyon Massachusetts (Massachusetts Rehabilitation Commission) fè.

Kijan epi ki kote pou fè aplikasyon

Anjeneral, se responsab ka yo nan Komisyon Reyadaptasyon Massachusetts (Massachusetts Rehabilitation Commission) yo ki fè referans yo. Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 pou jwenn yon Aplikasyon pou Moun Aje, epi pou plis enfòmasyon konsènan pwogram sa a.

Egzansyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote pou Moun ki gen Chòk Aki nan Sèvo (ABI, Acquired Brain Injury)

Kisa li ye epi ki moun li ede

- Li pèmèt sèten moun ki gen ant 22 an jouk 64 an e ki andikape nèt ale epi yon fason pèmanan oubyen moun ki gen 65 an oswa ki pi gran ke yo andikape ou non, ki pran, yon chòk nan sèvo apre yo fin rive nan laj 22 an sa enkli san yo pa limite l, chòk nan tèt yo ki rive difèt yon fòs ekstèn, men sa pa enkli maladi Alzheimer ak

lòt maladi newodejeneratif ki sanble ak li, kote manifestasyon prensipal li se demans.

- Pou li ka kalifye pou egzansyon ABI, yon moun ta sipoze yon malad entène nan yon etablisman swen enfimye oubyen nan yon lopital pou maladi kwonik oubyen nan yon lopital reyadaptasyon e ki rete pou yon sejou kontini 90 jou oubyen plis pase sa.
- Yo kapab bay sèvis egzansyon sa yo nan yon etablisman reyadaptasyon rezidansyèl oubyen lakay oubyen nan kominote a. Patisipan yo ki gen egzansyon gendwa resevwa tou sèvis ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Li egzije pou manm lan benefisye yon nivo swen medikal ki egal ak sa yo founi nan yon klinik swen enfimyè oubyen nan yon lopital, dapre yon evalyasyon klinik pou egzanpsyon ke Depatman egzanpsyon nan Lekòl Medsin Inivèsite Massachusetts (Waiver Unit at the University of Massachusetts Medical School) fè.

Kijan epi ki kote pou fè aplikasyon

Pou fè aplikasyon pou egzansyon pou sèvis ki baze nan kay oubyen nan kominote pou moun ki gen chòk aki nan sèvo kontakte Inite Egzansyon an nan University of Massachusetts Medical School nan (866) 281-5602, TTY: (800) 596-1746.

Egzansyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote ki rele Plan Vanse pou pi Devan An (MFP, Moving Forward Plan)

Kisa li ye epi ki moun li ede

- Li pèmèt sèten moun ki gen ant 18 an jouk 64 an e ki gen yon andikap total epi pèmanan, oubyen moun ki gen 65 an epi pi gran ke yo gen yon andikap ou non, ki entène nan yon etablisman swen enfimyè, yon lopital pou maladi kwonik, yon lopital reyadaptasyon, oubyen yon lopital sikyatri, pou resevwa sèvis sipò ak lòt sèvis ki make nan sèvis egzanpsyon yo.
- Pou kalifye pou egzanpsyon MFP yo, moun nan ta sipoze yon malad entène nan yon klinik swen enfimyè, yon lopital pou maladi kwonik, yon lopital reyadaptasyon, oubyen yon lopital sikyatri avèk yon sejou kontini pandan 90 jou oubyen plis pase sa.
- Yo kapab bay sèvis egzansyon yo nan yon etablisman reyadaptasyon rezidansyèl 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn oswa nan kay patisipan an nan kominote a. Patisipan yo ki gen egzansyon an gendwa resevwa tou sèvis ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Li egzije pou manm lan benefisye yon nivo swen medikal ki egal ak sa yo founi nan yon klinik swen enfimyè oubyen nan yon lopital, dapre

yon evalyasyon klinik pou egzanpsyen nan Lekòl Medsin Inivèsite Massachusetts (Waiver Unit at the University of Massachusetts Medical School) fè.

Kijan epi ki kote pou fè aplikasyon

Pou fè aplikasyon pou Egzansyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote ki rele Plan Vanse pou pi Devan An, kontakte Depatman Egzansyon Lekòl Medsin Inivèsite Massachusetts University of Massachusetts Medical School nan (855) 499-5109, TTY: (800) 596-1746.

Egzonerasyon pou Sèvis ki Baze nan Kay ak nan Kominote pou Adilt ki gen yon Andikap Entelektyèl

Kisa li ye epi ki moun li ede

- Genyen twa pwogram egzanpsyen ki pèmèt moun yo ki gen yon andikap entelektyèl e ki gen ant 22 an jouk 64 an, ki andikape nèt ale epi yon fason pèmanan oubyen moun ki gen 65 an oswa ki pi gran ke yo andikape ou non, ki entène nan yon etablisman swen entèmedyè ki pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF-ID) pou yo resevwa sèvis sipò ak lòt sèvis egzansyon espesifik.
- Yo kapab bay sèvis egzansyon yo nan yon etablisman reyadaptasyon rezidansyèl oubyen lakay oubyen nan kominote a. Patisipan ki gen egzansyon yo gendwa resevwa tou sèvis ki kouvri nan MassHealth Standard.
- Li egzije manm lan benefisyè yon nivo swen medikal ki egal ak sa yo founi nan yon klinik swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl, dapre yon evalyasyon klinik pou egzanpsyen ke Depatman sèvis devlopantal (Department of Developmental Services) fè.

Kijan epi ki kote pou fè aplikasyon

Anjeneral, se responsab ka yo nan Depatman Sèvis Devlopmantal (Department of Developmental Services) ki fè referans yo. Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 pou jwenn yon Aplikasyon pou Moun Aje, epi pou plis enfòmasyon konsènan pwogram sa a.

Kaileigh Mulligan Program (Swen adomisil pou timoun enfim)

Kisa li ye epi ki moun li ede

- Li pèmèt kèk timoun ki enfim gravman (ki pokon 18 an) epi ki abite lakay yo ak paran yo, dwa pou yo jwenn MassHealth san yo pa konte revni ak byen paran yo posede
- Li egzije pou bezwen medikal timoun nan ase grav pou li nesesite yon nivo swen ki egal a swen yo bay nan yon lopital, oswa nan yon sant swen

enfimye pou timoun, menm jan Sèvis Evalyasyon Dizabilite MassHealth (MassHealth's Disability Evaluation Service) detèmine sa

- Li kouvri peman pou tout yon seri swen medikal ak swen enfimye, ansanm ak kèk aparèy ak atik medikal pou timoun nan
- Li egzije pou pri sèvis sa yo koute MassHealth la pa depase sa li ta koute pou timoun nan, si timoun nan te nan yon lopital, oswa nan yon sant swen enfimye
- Li etabli yon lyezon ant fanmi timoun nan ak sèvis sosyal nan Depatman Lasante Biblik (Department of Public Health) pou yo ka swiv swen timoun nan

Kijan epi ki kote pou fè aplikasyon

Anjeneral, se responsab ka yo nan Depatman Lasante Biblik yo, oswa travayè sosyal lopital timoun nan, ki ka ba w yon Aplikasyon pou Moun Aje epi pou Moun ki Bezwen Sèvis Alontèm (Aplikasyon pou Moun Aje) epi ki ka ede w aplike pou pwogram sa. Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 pou yon Aplikasyon pou moun aje, epi pou plis enfòmasyon konsènan pwogram sa a.

Pwogram tout kalite swen pou moun aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE)

Kisa li ye epi ki moun li ede

PACE se yon pwogram ki founi manm ki enskri yo aksè nan tout sèvis Medicare ak MassHealth kouvri e li ofri plis sèvis toujou dapre sa yon manm bezwen, atravè yon modèl ki baze sou yon sant. PACE founi tout sèvis medikal epi sosyal ki nesesè pou moun dekwa pou manm kapab viv an sekirite nan kominote kote yo rete yo olye pou yo rete nan yon mezon retrèt.

Pa gen okenn kotpa pou manm yo ki anwole nan PACE.

Si w enterese nan jwenn plis enfòmasyon sou etap pou w swiv pou enskri nan PACE, ou kapab kontakte yon plan PACE ki bay sèvis nan zòn kote w viv lan oswa rele nimewo ki anba a. Pou ka detèmine si yon moun elijib pou l'enskri nan yon PACE, gen yon ekip pwofesyonèl nan òganism PACE la ki kontre avèk moun k ap fè aplikasyon an pou sa fè yon evalyasyon sante moun k ap fè aplikasyon an. Apresa, òganism PACE la soumet bay MassHealth evalyasyon klinik la ansanm ak yon aplikasyon. Si MassHealth jwenn ke aplik an satisfè kondisyon klinik ak finansye PACE, aplik an ka deside enskri nan PACE.

PACE se pou moun ki:

- alaj 55 an oubyen pi gran,
- rete nan zòn sèvis yon òganism PACE,
- kapab rete san pwoblèm nan kominate a,
- gen sètifikasi leta a ki di li elijib pou swen enfimyè lakay,
- dakò pou l resevwa sèvis swenyaj sèlman nan òganism PACE la, epi
- gen yon revni ki swa pi piti pase oswa egal 300% nan to benefis federal la.

Lè pou detèmine elijiblite finansyè pou PACE, MassHealth konte revni ak byen moun k ap fè aplikasyon an sèlman ke li marye oswa ke li pa marye. Pou tout dènye enfòmasyon sou byen ak lòt enfòmasyon MassHealth itilize pou detèmine elijiblite, gade nan www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Yonfwa yo enskri nan PACE, yap asiyen chak manm PACE yon ekip swen ki enkli doktè, enfimyè, terapis, ak lòt founisè swen medikal ak sèvis sosyal. Yon plan swen ap devlope ansanm ak manm lan epi ak ekip swen manm lan. Òganism PACE la kowòdone epi organize tout sèvis ki nesesè yo. Pifò sèvis òdinè yo founi nan yon sant PACE, men gen kèk sèvis ki gendwa founi swa lakay patisipan an oswa nan lòt etablisman.

Men nan sèvis ki kouvrí yo: livrezon repa, transpò, sant lajounen pou sante adilt, sèvis sosyal, preskripsyon*, ospitalizasyon, epi, depi l nesesè, plasman nan etablisman sèvis enfimyè.

PACE founi yon responsab ka PACE ki kowòdone swen patisipan an.

* PACE founi kouvèti pou preskripsiyan Medicare ou a.

Ki jan epi ki kote pou fè aplikasyon

Aplikan ak manm MassHealth yo gendwa aplike pou rantre nan PACE. Rele MassOptions nan (888) 885-0484 pou jwenn yon Aplikasyon pou Moun Aje, epi pou jwenn plis enfòmasyon sou PACE.

Jesyon swen

Si w alaj 65 an oubyen w pi gran oubyen w nan yon etablisman ki founi swen alontèm, alò li pa nesesè pou w enskri nan yon plan òganism swen jere (managed - care organization, MCO), yon plan klinik swen primè (Primary Care Clinician, PCC), oubyen yon òganism swen responsab (Accountable Care Organization, ACO). Ou resevwa benefis MassHealth ou yo baze sou frè pou sèvis lè w sèvi avèk founisè MassHealth yo, amwenske ou chwazi pou w enskri

nan Opsyon Swen pou Moun Aje (Senior Care Options, SCO) oubyen PACE.

Manm ki pokalaj 65 an k ap patisipe nan pwogram egzanpsyón HCBS gendwa chwazi - san l pa yon obligasyon - enskri nan yon plan MCO, yon plan PCC, oubyen yon ACO si w pa gen kouvèti lòt asirans medikal konplèt, tankou Medicare. Yon plan medikal se yon gwoup founisè, lopital, ak lòt pwofesonèl ki travay ansanm pou ede satisfè tout bezwen swenyaj ou yo. Si w enskri nan yon plan MCO, w ap gen yon peryòd 90 jou pou w chwazi yon plan, kote, pou nenpòt rezon, ou ka chanje plan ou genyen an, apresa w gen yon peryòd enskripsiyan fiks, kote w ka chanje plan sèlman si w satisfè kèk kondisyon.

Si w ta renmen jwenn plis ransèyman sou plan MCO oubyen sou plan PCC yo, gade ankò tanpri gîd enskripsiyan MassHealth la. Pou w jwenn yon kopi

- Gade nan sit entènèt nou a nan www.mass.gov/masshealth, oubyen
- Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Aplike pou MassHealth oswa Health Safety Net

Fason pou aplike

1. Ranpli Aplikasyon pou moun aje a.

SONJE: Si w ap aplike pou MassHealth atravè pwogram Kaileigh Mulligan oswa pwogram PACE la, ou pa bezwen ranpli Sipleman pou swen alontèm nan. Si w ap aplike pou MassHealth atravè egzanpsyón pou sèvis adomisil ak sèvis nan kominate a, ou sèlman bezwen ranpli seksyon “Transfè resous” la ki nan Sipleman A: Swen alontèm nan ki nan paj 21 nan aplikasyon pou moun aje a.

2. Ranpli aplikasyon an, siyen l, lèfini voye l ba nou ansanm ak prèv sa yo:

- voye ban nou aplikasyon ou fin ranpli epi siyen an avèk prèv revni mansyèl ou anvan taks ak dediksyon (tankou yon kopi souch chèk pansyon w oswa lèt atribisyon an). Ou pa bezwen voye prèv revni sekirite sosyal ou oswa revni SSI ou ban nou. Si w ap travay, voye prèv revni mansyèl ou fè nan travay ou anvan yo retire taks ak dediksyon, tankou de souch chèk ki resan oswa yon fòm taks ou te ranpli. Si w ap travay ak tèt ou, voye yon fòm taks, oswa si w pa t ranpli taks ou, ou ka voye yon Deklarasyon sou Pwofi ak Pèt ou te fè pou 12 mwa ki sot pase yo epi se pou yon kontab siyen deklarasyon sa a (oswa oumenm, si w pa t itilize sèvis yon kontab). Ou ka soumèt dosye aktyèl biznis lan

- ki montre lòt dokiman ki enpòtan kòm prèv akseptab ki montre ou travay ak tèt ou;
- valè aktyèl byen w posede yo (tankou kopi deklarasyon bankè aktyèl ou yo*); epi
 - estati w kòm sitwayen/resòtisan ameriken oswa estati imigrasyon w ak idantite w. (Gade Seksyon 8 pou enfòmasyon konplè konsènan fòm prèv ki akseptab epi pou enfòmasyon konsènan estati imigrasyon ak elijiblite pou benefis.)

Pou moun ki detèmine pou MAGI, nap konpare enfòmasyon sa yo avèk sa lòt ajans ak lòt sous enfòmasyon lè n resevwa yon aplikasyon, lè gen revizyon anyèl, epi peryodikman pou fè mizajou oubyen pou pwouve yon moun kalifye.

Ajans ak sous enfòmasyon sa yo ka enkli, men se pa sa sèlman ajans ki annapre la yo: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub), Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance), Biwo Estatistik Demografik nan Depatman Lasante Piblik (Department of Public Health's Bureau of Vital Statistics), Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents), Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services), Depatman Revni (Department of Revenue), Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations), Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration), Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements), Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance), konpayi asirans maladi, ak bank epi lòt etablisman finansye yo. Konnen tanpri, jan sa nesesè pou jere egzijans M.G.L. c. 149, s. 189A sou kontribisyon konpayi travay la pou èd medikal (Employer Medical Assistance Contribution, EMAC), yo gendwa pataje enfòmasyon sou moun ki sou aplikasyon w lan ak Depatman èd nan chomaj (Department of Unemployment Assistance) epi ak konpayi kote moun sa yo travay.

Yap jwenn enfòmasyon sou revni nan yon konparezon done elektwonik. Yo konsidere revni a pwouve si done revni ke yo resevwa nan yon konparezon done elektwonik konpatib, nan yon manyè rezonab, ak montan revni ou te mete sou aplikasyon ou an (montan revni ki "atesté" a). Si n pa kapab fè yon verifikasyon elektwonik sou revni w, n ap mande prèv sou revni w.

* Dapre chapit 125 nan Lwa ane 2008 yo: Yon lwa ki gen rapò ak egzante moun aje yo pou yo pa peye kèk frè bankè, enstitisyon finansye yo paka chaje moun aje yo pou kopi dosye labank oswa lòt dosye finansye si se MassHealth k ap mande enfòmasyon an.

3. Aprè w fin ranpli Aplikasyon pou moun aje a ansanm ak tout sipleman ki nesesè yo, voye aplikasyon w lan pa

lapòs oswa pa faks nan:

MassHealth Enrollment Center
PO Box 290794
Charlestown, MA 02129-0214
faks: (617) 887-8799

livrezon an men pwòp:

MassHealth Enrollment Center
The Schrafft Center
529 Main Street, Suite 1M
Charlestown, MA 02129.

4. Pou aplike an pèsón oswa pou pran yon randevou ak yon reprezantan MassHealth, tanpri vizite www.mass.gov/masshealth/appointment. Sant anwolman sa yo ouvè Lendi-Vandredi soti 8:45am rive 5:00 p.m. Pinga w voye yon aplikasyon nan ankenn nan sant enskripsyon sa yo.

MassHealth Enrollment Center
45 Spruce Street
Chelsea, MA 02150

MassHealth Enrollment Center
88 Industry Avenue, Suite D
Springfield, MA 01104

MassHealth Enrollment Center
21 Spring Street, Suite 4
Taunton, MA 02780

MassHealth Enrollment Center
367 East Street
Tewksbury, MA 01876

Ki kote pou rele

Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 pou moun ki soud, moun ki tande di oswa moun ki gen difikilte pou pale) si w bezwen:

- yon Aplikasyon pou moun aje;
- yon Gid pou moun aje pou asirans medikal nan yon lòt lang;
- sèvis entèprèt;
- èd pou ranpli yon Aplikasyon pou moun aje; oswa
- èd ak nenpòt ki kesyon sou pwosede aplikasyon an.

SEKSYON 2

Aplike pou MassHealth—pou moun ki nan yon sant ki bay swen alontèm oswa k ap rete tann pou rantre nan yon sant ki bay swen alontèm

Enfòmasyon sou swen alontèm

Seksyon sa a bay enfòmasyon jeneral sou règleman espesyal sou elijiblite moun ki nan yon sant ki bay swen alontèm, oswa k ap rete tann pou rantre nan yon sant ki bay swen alontèm. Si w ranpli kondisyon règleman espesyal sa yo, MassHealth ka peye pou resevwa swen nan sant ki bay swen alontèm. Seksyon 2 a bay enfòmasyon sou kouman pou aplike pou MassHealth tou.

Yon sant ki bay swen alontèm se yon jan de enstitisyon medikal ki gen ladan:

- sant swen enfimye ki gen lisans;
- lopital pou maladi kwonik ak reyabilitasyon;
- lopital leta ak lekòl leta yo chwazi espesyalman kòm sant ki bay swen alontèm; epi
- sant entèmedyè ki trete moun ki gen andikap entelektyèl.

Sèvis swen alontèm yo se jan de sèvis ou ka bezwen si w malad souvan ak/oswa si w enfim pou tout tan epi w bezwen èd oswa si w pa ka okipe tèt ou pou kont ou. Sèvis sa yo gen ladan sèvis medikal ak sèvis pou swen pèsonèl. Anjeneral, moun resevwa sèvis swen alontèm lè yo nan yon sant ki bay swen alontèm.

Pou w elijib pou resevwa pèman pou sèvis swen alontèm nan yon sant ki bay sèvis alontèm, ou dwe:

- elijib pou jwenn MassHealth Standard kòm yon moun ki:
 - gen 65 an oswa plis;
 - gen ant 21 an a 64 an epi gen yon enfimite swivan lalwa sou enfimite nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration), pou ansent; oswa
 - genyen mwens ke 21 an;
- MassHealth an fèt pou detèmine si w se yon moun ki bezwen tretman pandan lontan; epi
- pwouve oumenm (ak mari w oswa madanm ou) ranpli sèten kondisyon nan règleman sou byen w ak revni w.

Règleman jeneral sou elijiblite pou swen alontèm

Pou nou ka deside si w ka jwenn MassHealth, nou konsidere revni w, byen ou yo, epi nan kèk sikorans, kondisyon imigrasyon w.

Rezidans

Se pou w yon rezidan Leta Massachusetts pou w gen MassHealth oswa lòt kalite benefis swen medikal ke Commonwealth of Massachusetts la

finanse. Amwenske li presize otreman nan règleman MassHealth yo, ou se yon rezidan leta Massachusetts si w abite Massachusetts epi w swa gen lentansyon abite nan Massachusetts, avèk oswa san yon adrès fiks oswa w vin nan Massachusetts avèk yon kontra travay oswa w ap chèche travay. Li vle di se pou w abite nan Massachusetts epi w pa an vizit tanporè nan leta a.

Si se vizite w ap vizite Massachusetts pou rezon pèsonèl, tankou pou vakans, oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman swen enfimye, konnen alò ou pa satisfè kondisyon pou MassHealth pou rezidan.

Nou pral konsidere rezidans yon moun pwouve si moun nan te deklare li se yon rezidan Massachusetts epi rezidans lan konfime atravè konparezon done elektwonik avèk ajans federal ak ajans leta yo oswa sèvis enfòmasyon oswa moun nan te bay nenpòt nan dokiman ki pral site la a.

- Yon kopi tit pwopriyete ak dosye pèman ipotèk ki pi resan (si ipotèk la te peye okonplè, yon kopi fakti enpo lokatif ane ki pi resan an)
- Yon fatik kouran oswa dlo ki resan oswa yon demann pou yo fè yon travay nan kay la nan 60 jou ki sot pase yo
- Yon deklarasyon ki sot nan yon fwaye pou sanzabri oswa yon founisè sèvis pou sanzabri
- Dosye eskolè (si se lekòl prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè)
- Dosye jadendanfan oswa gadri (si se lekòl prive, yo ka mande dokimantasyon siplemantè)
- Yon kontra “Section 8”
- Yon kontra asirans pou mèt kay
- Prèv enskripsyon pou depandan ki sou siveyans ou ki nan lekòl piblik
- Yon kopi lwaye AK dènye pèman lwaye ou te fè
- Si w pa kapab ban nou ankenn nan dokiman ki site anwo yo, ou ka soumèt yon deklarasyon sou sèman ki sipòte rezidans ou an epi ki di ke w pap vizite Massachusetts pou rezon pèsonèl (pa egzanp vakans) oswa pou w jwenn swen medikal yon kote ki pa yon etablisman swen enfimye e se pou w siyen li anba pèn ak konsekans pou fo temwayaj.

Nimewo Sekirite Sosyal

Ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèv ou te aplike pou nimewo sosyal pou chak manm fanmi w k ap aplike, amwenske youn nan eksepsyon ki pral site anba yo aplike.

- Oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w genyen yon egzanpsyon reliye jan sa dekri nan lalwa federal.
- Oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w elijib sèlman pou resevwa yon SSN ki pa pèmèt ou travay.
- Oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w pa elijib pou gen yon SSN. Ale nan Seksyon 7, “Kijan nou itilize Nimewo Sosyal Sekirite w,” pou yon eksplikasyon sou otorite nou genyen pou nou itilize SSN ou.

Règleman jeneral sou byen

MassHealth kalkile ki valè nenpòt ki byen w posede genyen, epi li konpare yo ak yon sèten limit. Pou tou dènye enfòmasyon sou byen ak lòt enfòmasyon MassHealth itilize pou detèmine elijiblite, gade nan www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members. Si w marye epi w abite ak mari w oswa madanm ou, nou ka kalkile ki valè byen oumenm ak madanm ou oswa mari w genyen.

Byen nou ka konte

Byen yo ka konte enkli, men yo pa limite a, valè kont an bank, sètfika depo (certificates of deposit), fon komen (mutual funds), tit (stocks and bonds) ak valè pwopriyete imobilyè, eksepte kay kote w rete a, si li satisfè kondisyon elijiblite yo.

Byen nou pa konte

Byen nou pa konte yo se:

- kay kote w rete a si li nan eta Massachusetts epi li satisfè lòt kondisyon elijiblite. Si w demenaje lakay ou epi w al abite nan yon sant kote yo bay swen alontèm, oswa nan lòt enstitisyon medikal, gen lòt règleman ki aplike nan ka sa a. Gade seksyon ki rele “Kouman nou konte byen w ak kay ou” nan paj 15.
- yon machin pou chak kay
- kontra asirans sou lavi ki kouvri ni oumenm ni madanm ou oswa mari w, si valè nominal pou nou chak la se \$1,500 oswa mwens. (Nou pa konte valè nominal pou kontra asirans a tèm yo.)
- anplasman tè pou antèman
- jiska \$1,500 pou chak moun, pou oumenm ak madanm ou oswa mari w, depi nou mete lajan sa a sou kote espesyalman pou depans pou fineray antèman. Kantite lajan sa a: fèt pou nan yon kontanbank apa epi ki idantifye pou sa; oswa li ka sou fòm asirans lavi ou pran pou depans pou fineray ak antèman si kantite lajan total valè nominal la pou nou chak se \$1,500 oswa mwens.

- yon fon plasman ak labank ki pou antèman e ke yo pa ka fè chanjman ladan l oswa yon kontra ki peye davans pou antèman e ke yo pa ka fè chanjman ladan l, epi kontra sa a gen kont lajan ladann pou fè depans pou fineray oswa antèman nan lavni.

Règleman sou byen ki pou moun ki nan yon sant ki bay swen alontèm oswa kap tann pou yo rantre nan yon sant ki bay swen alontèm ak moun ki abite lakay yo epi ki bezwen sèvis alontèm

Ki Kantite lajan oumenm ak madanm ou oswa mari w, ka kenbe

- Ou ka kenbe \$2,000.
- Madanm ou oswa mari w ki rete nan kay la, ka kenbe jiska yon sèten kantite lajan, ki chanje chak mwad janvye. Kantite lajan sa a ka ogmante tou akòz yon apèl. (Gade nan règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 520.000.) MassHealth dwe swiv kèk règleman espesyal lè l ap detèmine kantite lajan madanm ou oswa mari w ki rete nan kay la ka kenbe.

SONJE: Madanm ou oswa mari w ki rete nan kay la gen dwa pou li mande yon odyans san patipri pou detèmine si li ka kenbe plis kantite bagay toujou nan byen nou genyen ansanm yo.

Kouman nou konte byen w ak kay ou

Si diferans ant valè kay ou a vo ak valè w dwe sou li plis pase valè yo pèmèt la, ou ka pa elijib pou pèman pou sèvis swen alontèm, amwenske youn nan manm fanmi sa yo ap viv nan kay la ansanm avèk ou:

- madanm ou oswa mari;
- yon pitit ki enfim konplètman epi kap rete konsa an pèmanans;
- yon pitit ki avèg; oswa
- yon pitit ki pokò gen 21 an.

Nan kèk ka, MassHealth ka pa aplike kondisyon sa a si gen kèk difikilte egzajere ki ta egziste. Pou tou dènye enfòmasyon sou byen ak lòt enfòmasyon MassHealth itilize pou detèmine elijiblite, gade nan www.mass.gov/service-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Si w kite kay ou epi wal abite nan yon enstitisyon medikal, MassHealth ap deside si ansyen kay la ka konte kòm byen paske se pa li menm ki kay prensipal kote w rete a ankò.

Nou pa konte kay ou si w demenaje pou w ale nan yon enstitisyon medikal epi:

- madanm ou oswa mari w rete nan kay la oswa gen kèk fanmi ki ranpli kèk kondisyon byen presi ki rete nan kay la;
- ou gen entansyon pou w retounen lakay ou; oswa
- ou gen asirans pou pran swen alontèm epi asirans lan ranpli kèk nan kondisyon yo.

Si pa gen okenn nan twa (3) sitiayson sa yo ki gen rapò ak ou, nou ka kontwole valè kay ou, men nap ba w nèf (9) mwa pou w vann kay la (gen de sikorans kote nou ka ba w plis tan toujou).

SONJE: Byenke nou ka pa kalkile valè lajan kay kote w rete a genyen, nou ka reklame lajan sou byen w kite pou eritaj apre w fin mouri oswa si w vann kay la pandan w nan yon sant kote yo bay swen alontèm. Pou ka gen plis enfòmasyon sou gaj imobilye ak rekiperasyon sikesyon, gade anba a ak nan paj 34.

Kijan Nou Konte Transfè Revni, Byen, Ak Kay la

Si oumenm oswa madanm, ou oswa mari w, bay oswa transfere byen nou posede oswa revni nou yo pou mwens lajan pase sa yo reyèlman vo a, MassHealth ka pa kapab peye pou swen ou jwenn nan sant swen enfimye (oswa pou sèvis ki egal ak sa yo ofri nan yon sant swen enfimye) pandan yon sèten peryòd de tan. MassHealth revize tout transfè li enkli transfè ke yo ajoute oswa retire nan fon plasman ak labank lan epi, ki te fèt pandan peryòd tan jiska 60 mwa anvan dat ou te aplike pou MassHealth oswa anvan dat oumenm oswa konjwen w te rantre nan yon enstitisyon medikal, nenpòt ladan yo ki rive pi ta.

Règleman sou transfè yo gen rapò ak:

- moun ki abite nan kay yo k ap aplike oswa k ap resevwa MassHealth sou baz Dispans pou Sèvis ki Baze nan Kay epi nan Kominote (Home- and Community-Based Services Waiver);
- moun ki fè aplikasyon pou MassHealth oswa ki jwenn MassHealth epi ki abite nan yon enstitisyon medikal; epi
- nenpòt ki byen li enkli kay ou oswa nenpòt revni kote, swa oumenm oswa madanm ou oswa mari w gen yon enterè legal ladan yo, epi byen sa yo transfere bay nenpòt ki lòt moun ki pa ni madanm ou ni mari wepi bay kèk lòt moun. Sepandan, gen de sikorans kote w ka transfere kay ou swivan règleman MassHealth yo.

Si w resevwa MassHealth epi w transfere pwopriyete w yo pou yon valè ki pi piti pase sa yo reyèlman vo a, MassHealth ka pran aksyon legal pou anpeche transfè a fèt. (Sa vle di yon tribinal ka detèmine si w toujou posede pwopriyete a legalman.) Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou rekouvremant byen yon moun kite pou eritaj, gade nan paj 34.

Gade nan règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 520.000 pou plis enfòmasyon.

Dwa ak privilèj sou pwopriyete w, sa enkli kay ou

MassHealth ka vin gen yon dwa ak privilèj sou nenpòt ki pwopriyete ou genyen yon enterè legal ladan li, amwenske pwopriyete a se ansyen kay kote w te rete a epi youn nan moun sa yo toujou rete ladan li:

- madanm ou oswa mari w;
- yon sè oswa yon frè ki gen yon enterè legal ladan li epi ki rete la depi omwen 1 an imedyatman anvan w te ale nan yon sant ki bay swen alontèm;
- yon ptit ki enfim konplètman epi kap rete konsa an pèmanans;
- yon ptit ki avèg; oswa
- yon ptit ki pokogen 21 an.

MassHealth ka vin gen yon dwa ak privilèj sou pwopriyete w sèlman apre MassHealth fin deside pa gen possiblite pou w kite sant ki bay swen alontèm nan pou w retounen lakay ou, epi li voye yon avi ba w ki fè w konnen li gen entansyon pou li mande pou li gen yon dwa ak privilèj sou pwopriyete a. Si sa ta rive ke yo egzeyate w nan sant lan epi w ta retounen lakay ou, MassHealth ap retire dwa ak privilèj li genyen sou pwopriyete a. Si w vann pwopriyete a pandan wap viv, MassHealth gen dwa pou li pran lajan li te peye pou tout sèvis ou te resevwa nan MassHealth le premye avril 1995 oswa apre dat sa a, nan benefis ou fè sou kay ou vann nan. MassHealth ap kontwole rès benefis yo pou li deside si w ka resevwa MassHealth toujou.

Gen de sikorans kote MassHealth ka deside pou li pa sèvi ak dwa ansanm ak privilèj li genyen sou pwopriyete a pandan moun nan ap viv la epi pou MassHealth reprann lajan li te peye pou ssèvis yo nan swen alontèm nan. Pou gen plis enfòmasyon sou rekouvremant ak asirans pou swen alontèm, gade nan paj 34.

Gade nan règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 515.000 pou plis enfòmasyon.

Kantite lajan malad la peye

Ou ka gen pou peye pa mwa pou sant ki bay swen alontèm nan. Se sa yo rele kantite lajan malad la peye a. (Konjwen w ki abite nan kay la pa oblige kontribye ankenn nan revni l pou ka peye pou swen w ap resevwa.) Nou itilize dediksyon sa yo sou revni w pou nou detèmine ki kantite lajan ou gen pou w peye kòm malad.

Kantite lajan w bezwen pou depans pèsonèl ou

Se kantite lajan (se lalwa leta kote w rete a oswa lalwa federal ki etabli kantite lajan sa a, leplisouvan se \$72.80 pa mwa) yo pèmèt ou kenbe pou depans pèsonèl ou, tankou pou rad, pou fè cheve w ak lòt aktivite.

Kantite lajan w bezwen pou okipe madanm ou oswa mari w

Yo pèmèt yon dediksyon pou depans madanm ou oswa mari w ki rete nan kay la, epi dediksyon an baze sou bezwen finansyè li. Kantite minimòm nou pèmèt la chanje chak mwad jiye, kantite maksimòm yo pèmèt la chanje chak mwad janvye epi kantite a ka varye si mari w oswa madanm ou gen depans siplemantè pou kote li rete a. (Gade nan règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 520.000.) Kantite maksimòm nan ka pi wo si se sa yo deside nan yon apèl oswa selon lòd yon tribinal.

Kantite lajan w bezwen pou okipe fanmi w

Yo pèmèt yon dediksyon pou depans pou kèk manm nan fanmi an ki rete nan kay la ak madanm ou oswa mari w.

Kantite lajan w bezwen pou okipe kay la

Yo pèmèt yon dediksyon pou depans pou kay ou si w selibatè epi te gen yon desizyon medikal ki te pran pou w retounen lakay ou anvan sis (6) mwa pase. Kantite nou pèmèt koulyea se \$1,074. (Chif sa a anvige apati de premye mas 2022.)

Kantite lajan w bezwen pou depans medikal

Yo pèmèt yon dediksyon pou peye pou asirans maladi ak kèk depans medikal konpayi an pa kouvr (menm frè pou titèl nou pèmèt yo).

Kouman pou fè aplikasyon pou MassHealth

Kouman pou fè aplikasyon an

1. Ranpli Aplikasyon pou moun aje ak fòm Siplemen D pou swen alontèm [Long-Term-Care (LTC) Supplement].
2. Ranpli aplikasyon an, siyen li epi voye li ak Siplemen D pou LTC (Supplement D: LTC Questions) a ansanm ak prèv sa yo ba nou:
 - revni w fè pa mwa anvan taks ak dediksyon (pa egzanp yon kopi souch panson w oswa yon lét sou montan yo ba w la). Ou pa bezwen voye ban nou prèv pou revni sekirite sosyal oswa SSI ou. Si w ap travay, voye prèv valè lajan ou touche chak mwa anvan taks ak dediksyon, tankou de souch chèk resan oswa yon fòm taks ou te ranpli. Si w ap travay avèk tèt ou, voye yon fòm taks ou te ranpli oswa, si w pa t ranpli ankenn fòm taks, ou ka voye yon Deklarasyon sou Pwofi ak Pèt pou 12 dènye mwa ki sot pase yo ki gen siyati yon kontab sou li (oswa siyati pa w, si w pa t itilize yon kontab). Ou ka soumèt dosye biznis kounyea ki montre lót dokiman pètinan kòm prèv akseptab ki montre w ap travay avèk tèt ou;
 - kantite lajan byen w yo vo kounyea (tankou kopi rapò aktyèl kontanbank ou*); epi
 - estati w kòm sitwayen/resòtisan ameriken ak idantite w. (Gade nan Seksyon 8 pou enfòmasyon konplè konsènan prèv ki akseptab epi pou jwenn enfòmasyon konsènan estati imigrasyon ak elijiblite pou resevwa benefis.)

* Dapre chapit 125 nan Lwa ane 2008 yo: Yon lwa ki gen rapò ak egzante moun aje yo pou yo pa peye kèk frè bankè, enstitisyon finansye yo paka chaje moun aje yo pou kopi dosye labank oswa lót dosye finansye si se MassHealth k ap mande enfòmasyon an.

Nap konpare enfòmasyon sa yo avèk sa lót ajans ak lót sous enfòmasyon lè n resevwa yon aplikasyon, lè gen revizyon anyèl, epi peryodikman pou fè Mizajou oubyen pou pwouve yon moun kalifye.

Ajans ak sous enfòmasyon sa yo ka enkli, men se pa sèlman ajans ki annapre la yo: Sant Federal pou Sèvis Done (Federal Data Services Hub), Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance), Biwo Estatistik Demografik nan Depatman Lasante Piblik (Department of Public Health's Bureau of Vital Statistics), Depatman Aksidan nan Travay (Department of Industrial Accidents), Depatman Sèvis Veteran (Department of Veterans' Services), Depatman Revni (Department

of Revenue), Biwo Envestigasyon Espesyal (Bureau of Special Investigations), Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration), Verifikasyon Sistematik pou Dwa Etranje yo (Systematic Alien Verification for Entitlements), Depatman Asistans Tranzisyonèl (Department of Transitional Assistance), konpayi asirans maladi, ak bank epi lót etablisman finansye yo. Konnen tanpri, jan sa nesesè pou jere egzijans M.G.L. c. 149, s. 189A sou kontribisyon konpayi travay la pou èd medikal (Employer Medical Assistance Contribution, EMAC), yo gendwa pataje enfòmasyon sou moun ki sou aplikasyon w lan ak Depatman èd nan chomaj (Department of Unemployment Assistance) epi ak konpayi kote moun sa yo travay.

3. Aprè w fin ranpli Aplikasyon pou moun aje a ansanm ak tout sipleman ki nesesè yo, voye aplikasyon w lan pa

lapòs oswa pa faks nan
 MassHealth Enrollment Center
 PO Box 290794
 Charlestown, MA 02129-0214
faks: (617) 887-8799

livrezon an men pwòp
 MassHealth Enrollment Center
The Schrafft Center
 529 Main Street, Suite 1M
 Charlestown, MA 02129.

Ki kote pou rele

Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 si w bezwen:

- yon Aplikasyon pou moun aje;
- yon Gid pou moun aje pou asirans medikal nan yon lót lang;
- sèvis entèprèt;
- èd pou ranpli yon Aplikasyon pou moun aje; oswa
- èd ak nenpòt ki kesyon sou pwosedé aplikasyon an.

SEKSYON 3

Règleman espesyal sou elijiblite dapre revni nan MassHealth Standard—pou moun ki gen 65 an oswa plis epi ki bezwen sèvis oksilyè pou swen pèsonèl pou yo ka viv lakay yo*

- * Seksyon 3 a valab sèlman pou moun ki gen revni ki depase 100% kantite revni gouvènman federal la konsidere kòm nivo povrete a (gade tablo ki sou bò anndan kouvèti aryè a). Moun ki gen nenpòt ki laj epi ki nan nivo revni ki nan oswa ki anba 100% gouvènman federal la konsidere kòm nivo povrete a, pa oblige ranpli kondisyon espesyal pou patisipasyon an swivan revni a pou yo ka jwenn MassHealth oswa pou MassHealth peye sèvis oksilyè pou swen pèsonèl (PCA) pou yo.

Kouman bezwen mwen pou sèvis oksilyè pou swen pèsonèl [personal care attendant (PCA) services] nan MassHealth afekte fason MassHealth deside si mwen ka jwenn MassHealth?

Si, swivan tablo ki sou bò anndan kouvèti aryè a, nou deside revni w depase 100% nivo revni gouvènman federal la konsidere kòm nivo povrete a epi w gen 65 an oswa plis, nou ka konsidere yon kantite lajan ki pi pití nan revni w fè ki pa soti nan travay ou, lè nap deside si w ka gen MassHealth. Lè sa a, nou tap aplike règleman espesyal MassHealth genyen sou elijiblite epi nou esplike règleman sa yo nan paragrapf anba yo.

Kisa MassHealth vle di pa sèvis PCA?

Kalite sèvis Pwogram MassHealth PCA ofri swivan MassHealth Standard la ka ede w si w se yon moun aje epi w gen yon maladi pèmanan oswa yon maladi ki dire lontan ki anpeche w fè aktivite w konn mennen chak jou yo, tankou benyen, prepare tèt ou, manje, abiye, fè twalèt, deplase, pran medikaman ou, eksetera... amwenske yon moun ede w fizikman. Lè moun jwenn sèvis PCA yo, sa pèmèt yo viv lakay yo olye yo ale nan yon sant ki bay swen alontèm.

Pou ka jwenn plis enfòmasyon, gade nan règleman MassHealth an genyen pou PCA yo, nan 130 CMR 422.000.

Kilès ki ka jwenn sèvis PCA MassHealth yo?

Se pa tout moun ki ka jwenn sèvis PCA MassHealth yo. Pou jwenn sèvis PCA MassHealth yo, ou fèt pou:

- gen yon maladi pèmanan oswa ki dire lontan;
- bezwen yon moun ki pou ede w fizikman fè aktivite pou viv chak jou yo, tankou aktivite ki site nan lis ki anwo a, si w pa ka fè aktivite sa yo pou kont ou;
- fè yon doktè ba w yon otorizasyon ekri ki fè konnen ou bezwen sèvis PCA; epi
- jwenn otorizasyon alavans nan men MassHealth.

Kouman pou m fè MassHealth konnen mwen gen sèvis PCA koulyea, oswa mwen panse mwen bezwen sèvis PCA?

Si w gen sèvis PCA koulyea, oswa si w panse ou ka bezwen sèvis PCA akòz andikap ou, ou ka fè nou konn sa lè w ranpli yon Aplikasyon pou moun aje (si w ap fè aplikasyon pou MassHealth). Chak fòm sa yo gen yon seksyon apa pou PCA epi seksyon an gen twa (3) kesyon sou si w bezwen sèvis PCA, menm jan nou esplike nan paragrapf anba yo.

- Ou fèt pou reponn premye kesyon nan seksyon PCA a.
- Si w gen sèvis PCA MassHealth koulyea epi w vle kontinye resewva sèvis PCA MassHealth, reponn premye kesyon nan seksyon PCA a sèlman. MassHealth an va voye yon avi pou fè w konnen ki desizyon li pran.
- Si w panse w bezwen sèvis PCA, ou fèt pou reponn dezyèm ak twazyèm kesyon yo nan seksyon PCA a. **Si w reponn “WI” pou kesyon nimewo 2 ak kesyon nimewo 3 yo**, ou fèt pou ranpli fòm Sipleman C: Oksilyè pou Swen Pèsonèl. Fòm Sipleman pou PCA la vini ansam ak Aplikasyon pou moun aje an ak fòm renouvelman sou patisipasyon an.

Si w gentan manm MassHealth alèkile, ou ka ranpli PCA Supplement kòm yon fòmilè apa, e w ap jwenn li nan www.mass.gov/files/documents/2018/11/20/pca-supp.pdf.

Kisa kap pase apre sa?

Nou va revize deklarasyon sou rezon ki fè w bezwen sèvis PCA a ansam ak Sipleman pou PCA ou ranpli pou PCA a pou nou ka desise si w ka bezwen nenpòt ki kalite sèvis PCA. Nou va voye yon avi ba w pou nou fè w konnen ki desizyon nou pran.

Kisa mwen dwe fè si MassHealth dakò mwen ka bezwen sèvis PCA?

Si nou deside w bezwen sèvis PCA, epi nou konte yon ti Seksyon nan revni w **epi** nou deside w ka jwenn MassHealth:

- ou dwe kontakte yon ajans Jesyon Swen Pèsonèl [personal care management (PCM)] MassHealth pou etabli sèvis PCA anvan 90 jou pase sou dat nou deside w ka jwenn MassHealth la. Pou jwenn yon lis ajans PCM MassHealth, rele nou la nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648; epi
- nou va fè w konnen si w dwe ba nou prèv ou te kontakte yon ajans PCM MassHealth.

Trè Enpòtan: Lè ajans PCM ou chwazi a aksepte w pou sèvis PCA, wap vin patwon pwòp PCA pa w. Sa vle di w ka gen responsabilite pou jwenn, anplwaye, antrene epi revoke (si li nesesè) pwòp PCA pa w.

Wap gen règleman espesyal pou swiv pou w ka sèten PCA a touche alè. Ajans PCM a ka di w kouman pou jwenn èd ak responsabilite sa yo. MassHealth pa ka peye sèten manm fanmi w pou li PCA ou.

Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Oksilyè pou Swen Pèsonèl nan MassHealth lan rele nou la nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Pou tou dènye enfòmasyon sou elijiblite, gade nan www.mass.gov/service-details/eligibility-figures-tables-for-masshealth-applicants-and-members.

SEKSYON 4

Massachusetts Health Connector

Massachusetts Health Connector a (Health Connector) ofri aksè nan plan asirans medikal ak asirans dantè pou endividé, fanmi ak ti antrepriz. Kouvèti asirans maladi nan Massachusetts Health Connector pa menm ak MassHealth. Si w kalifye pou Medicare ou p ap kapab nan yon plan ConnectorCare epi w p ap ka jwenn kredi taks pou ede bese montan ou peye pou asirans maladi ou a. W ap kalifye sèlman pou yon plan pou swen dantè nan Health Connector san okenn èd finansyè. Sèl eksepsyon nan sa se si w kalifye pou yon plan Medicare Pati A ki gen yon prim, men w pa ko enskri ladan l. Nan ka konsa, ou gendwa toujou kalifye pou asirans maladi epi pou w resevwa èd nan peman pou kouvèti asirans maladi nan Health Connector a. Jeneralman, ou ka kalifye pou achte yon plan asirans sante epi/oswa dantè atravè Health Connector a si w ranpli kondisyon sa yo:

- ou se yon rezidan Massachusetts,
- ou se yon sitwayen/resòtisan ameriken oswa w abite legalman Ozetazini, epi
- ou pa nan prizon.

Ou gen opsyon pou chwazi pou achte yon plan asirans atravè Health Connector a si ou gen 65 an oswa plis. Ou gendwa kalifye pou yon kredi taks pou bese montan prim mansyèl ou yo, osinon pou plan ConnectorCare yo ki yomenm gen prim ki ba ak depans ou fè ak lajan pa w ki ba. Gade nan seksyon “Kredi taks pou prim ki bay davans” ki annapre a pou w jwenn plis detay.

Si w pa elijib pou yon kredi taks oswa yon plan ConnectorCare epi w vle asirans atravè Health Connector a, ou pral responsab pou peye tout valè plan an koute.

Plan Health Connector yo

Tout plan medikal yo ofri yo bay benefis sante konplè, li enkli vizit kay doktè oswa lopital ak preskripsyon. Plan Health Connector yo dekri anba epi yo itilize tèm metalik pou rann li pi fasil pou konpare yo.

- Plan platin yo genyen prim ki pi wo, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi ba.
- Plan lò ak ajan yo genyen prim ki pi ba, men yo gen kotpa ak franchiz ki pi wo.
- Plan bwonz yo genyen prim ki pi ba nèt, men yo genyen kotpa ak franchiz ki pi wo nèt.

Chak plan medikal ofri diferan doktè, lopital ak lòt founisè nan rezo yo tou.

Kredi taks pou prim ki bay davans

Kredi taks pou prim ki bay davans yo se yon fason pou redwi montan prim asirans ou a. Montan kredi taks ou a depann de kantite moun ki nan kò kay ou ak pri plan sante a ki disponib pou ou. Ou ka chèche konnen si wi ou non ou kalifye pou yon kredi taks epi konbyen kredi a ap ye aprè w fin soumèt yon aplikasyon.

Si w kalifye pou Kredi taks pou prim ki bay davans, ou ka chwazi pou resevwa kredi sa a nan fen ane a lè w ap ranpli taks ou. Oswa, ou ka itilize l chak mwa pou prim asirans ou an. Yo pral voye kredi taks la dirèkteman nan konpayi asirans ou an konsa w ap gen pou peye mwens chak mwa.

Plan ConnectorCare yo

Anplis de Kredi taks pou prim ki bay davans nan men gouvènman federal la, ou ka resevwa èd tou pou peye asirans medikal ou nan Massachusetts atravè yon plan asirans medikal ConnectorCare. Plan ConnectorCare yo se yon seri plan asirans medikal ki gen prim ki pi ba epi depans ou fè ak lajan pa w pi ba.

Frè pataje espesyal pou endyen ameriken ak natif Alaska

Endyen ameriken ak natif Alaska gen dwa kapab jwenn èd anplis pou peye pou swen yo. Si w se yon endyen ameriken epi w resevwa sèvis dirèkteman nan yon sant sèvis sante endyen, yon òganizasyon endyen tribal oswa iben oswa atravè pwogram sèvis sante sou kontra, ou pa pral gen pou peye pou ankenn depans lè w resevwa swen. Epitou ou pral kapab enskri nan plan asirans oswa chanje plan asirans chak mwa pandan tout ane a. Endyen ameriken ak natif Alaska ki gen revni ki nan oswa pi ba pase 300% FPL la pa pral gen pou peye ak lajan pa yo pou depans tankou kotpa, franchiz ak ko-asirans.

Elijiblite pou Kredi Taks pou Prim ki Bay Davans ak ConnectorCare

- Plan ConnectorCare yo gendwa disponib pou kòkay ki gen revni ki a 300% oubyen mwens pase nivo povrete federal la (Federal Poverty Level, FPL).
- Kredi taks pou prim ki bay davans (APTC) gendwa disponib nan nenpòt nivo revni. Kantite lajan ou kalifye pou li a baze sou pri plan ki disponib pou ou yo. APTC ede limite pri a nan prim mansyèl yo dekwa pou w gen chwa plan sante ki pa plis pase 8.5% revni kay ou a, e souvan mwens ke sa. Ou gendwa kalifye tou pou kredi taks si w se yon imigran legal epi revni w swa egal oswa mwens pase 100% montan FPL la.

Pou kalifye pou kredi taks pou prim ki bay davans ak ConnectorCare, w ap gen pou w satisfè kondisyon ki make annapre a la:

- swa w pa enskri nan Medicare oswa w pa kalifye pou Medicare;
- ou pa kapab pran asirans maladi nan men yon anplwayè ki satisfè kondisyon pou “valè minim” yo epi ki abòdab; oubyen
- ou pa kalifye pou MassHealth;
- ou dakò pou ranpli taks ou chak lane ou resevwa benefis; epi
- ou dakò pou ranpli taks ou ansanm avèk konjwen w si w marye.

Kijan pou m konnen si asirans anplwayè mwen satisfè valè minim yo?

Estanda pou “valè minim” yo vle di ke plan asirans lan ap peye omwen 60% nan montan tout frè total sèvis medikal yo pou yon popilasyon estanda. Lòt 40% nan frè yo se manm lan k ap peye l nan metòd dediktib, kotpa, ak ko-asirans. Pifò nan plan asirans anplwayè yo satisfè estanda valè minim yo. Pou w konnen si plan anplwayè a satisfè estanda sa yo, pale sa avèk depatman resous imèn oubyen plan asirans medikal la.

Ki plan asirans medikal anplwayè ke yo rekònèt kòm “abòdab”?

Daprè Lwa pou Swen Abòdab la (ACA, Affordable Care Act), yo konsidere plan anplwayè w la abòdab nan ane 2022 lan si plan ki pi bon mache a e ki kouvri anplwaye a sèlman koute mwens pase 9.61% nan revni fanmi w. Pinga w itilize pri yon plan ki pou tout fanmi an, menmsi w bezwen kouvèti pou tout manm nan fanmi an.

Kondisyon pou ranpli taks

Pou gen kredi taks oubyen yon plan ConnectorCare, ou bezwen pou w ranpli taks sou revni ou yo pou ane a ke w te resevwa benefis medikal ou yo. Si w marye, nou bezwen ranpli taks sou revni nou ansanm, amwenske ou se viktim britalite lakay oubyen si konjen w kite w.

Si w te janm resevwa oparavan yon Kredi taks pou Prim ki bay davans (APTC, Advance Premium Tax Credit) oubyen si w te gen yon plan ConnectorCare, ou sipoze "rekonsilye" avèk IRS kredi taks ou te resevwa a. Pou rekonsilye li, se pou w ranpli Fòmilè 8962 IRS la lè w ap fil taks federal ou. Fòmilè 8962 gen enfòmasyon IRS itilze pou wè si w resevwa bon jan montan kredi taks la pou bese prim ou peye nan lane a pou asirans medikal ou a.

Si w te resevwa twòp kredi taks alavans, ou gendwa dwe kèk oubyen tout montan kredi taks la bay IRS. Si w pa te resevwa ase kredi taks, ou gendwa resevwa montan ke ou te peye anplis la.

Wap bezwen ranpli Fòmilè 8962 ansanm ak taks ou fil la, chak lane ke w resevwa yon APTC.

Prim

Si w gen yon prim mansyèl, ou dwe peye l chak mwa anvan le 23 nan mwa a. Lè w enskri nan yon plan nan Health Connector a, w ap gen pou w peye premye prim ou an anvan le 23 nan mwa a anvan asirans ou a ka kòmanse.

Asirans lan kòmanse

Apre w fin kalifye pou yon plan asirans medikal oswa yon plan asirans dantè nan Health Connector, ou dwe konplete enskripsyon w lan anvan asirans ou ka kòmanse. Pou fini enskripsyon an, ou dwe chwazi yon plan asirans medikal oswa dantè epi voye pèman pou premye bòdwo prim nan anvan le 23 nan mwa a. Yonfwa ou fin chwazi yon plan epi w peye premye mwa a, asirans lan pral kòmanse sou premye jou nan pwochen mwa a.

SEKSYON 5

Health Safety Net la

Health Safety Net la (HSN) peye lopital ki bay swen ijan ak sant sante nan kominote a nan Massachusetts pou kèk sèvis medikal yo bay malad ki gen revni ki ba. HSN peye pou sèvis yo bay rezidan Massachusetts ki gen revni fanmi yo pou Revni Brit Modifye Ajiste (MAGI) ki nan 300% nivo povrete federal la oswa pi ba. Se MassHealth ki detèmine elijiblite pou HSN la.

Kilès ki ka jwenn benefis

HSN ka peye pou kèk sèvis ou resevwa nan yon lopital ki bay swen ijan oswa nan yon sant sante kominotè si w se yon rezidan Massachusetts epi ou pa gen asirans oswa ou pa gen ase asirans (asirans medikal ou a pa kouvri tout sèvis ki medikalman nesesè).

Estanda revni

Ou dwe ban nou prèv revni pou chak moun ki abite lakay ou. HSN la jeneralman kouvri moun ki gen revni fanmi an ki nan 300% nivo povrete federal la oswa pi ba pase sa. Si revni w la pi wo pase 150% nivo povrete federal la epi li nan 300% oswa pi ba pase sa, ou pral gen pou peye yon franchiz anyèl ki baze sou revni w. Franchiz la se yon sèten montan depans pou frè medikal ou responsab pou peye. Ni fakti ou peye ni fakti ou pokò peye ka konte pou montan franchiz ou gen pou peye a. Se sèlman sèvis HSN ka peye ou ka konte nan montan franchiz ou a. Fakti doktè prive ak laboratwa oswa radyoloji prive pa konte nan montan franchiz la, menm si se nan yon lopital ou resevwa sèvis sa yo. Mande founisè w la ki fakti ou ka konte nan montan franchiz ou a.

Sèvis ki kouvri

Pou HSN la, se yon lopital ki bay swen ijan oswa yon sant sante kominotè nan Massachusetts ki pou bay sèvis yo. HSN jeneralman pral peye pou menm sèvis MassHealth Standard kouvri. HSN peye pou kèk sèvis famasi, men ou dwe ranpli preskripsyon w lan nan yon famasi ki asosye avèk doktè ki te ekri preskripsiyan w lan. Kapab genyen kèk limit, kidonk ou dwe toujou tcheke avèk yon founisè pou wè si yo ofri sèvis la. Yo ka chaje w kotpa ak franchiz.

Kèk nan sèvis ki pa kouvri

Kèk nan sèvis ki pa kouvri yo site anba a. Ou ta dwe tcheke avèk founisè w la pou ka gen lis konplè ki fè konnen sa ki kouvri ak sa ki pa kouvri.

- Doktè ki pa anplwaye lopital la, menm si yo travay nan lopital la
- Sèvis anbilans
- Chaj laboratwa kote se pa yon lopital ki bay swen ijan oswa sant sante kominotè nan Massachusetts ki voye fakti a
- Sèvis radyoloji kote se pa yon lopital ki bay swen ijan oswa sant sante kominotè nan Massachusetts ki voye fakti a

- Ekipman medikal dirab, eksepte pou beki ak baton yo ba w pandan yon vizit medikal
- Sèvis non-medikal (sosyal, edikasyonèl, vokasyonèl)
- Sèvis ki pa medikalman nesesè
- Sèvis eksperimental oswa ki pa pwouve

Ou ka jwenn yon deskripsyon ki pi detaye sou sèvis ki kouvri ak tout limit ki genyen nan règleman HSN lan nan seksyon 101 CMR 613.00.

Elijiblite an kòmanse

Si w elijib, elijiblite HSN ou a ka kòmanse jiska 10 jou anvan dat MassHealth resevwa aplikasyon w lan, si nou jwenn tout enfòmasyon nou bezwen yo nan yon delè 90 jou. Mande founisè medikal ou si w elijib pou asirans retroaktif HSN.

Estanda revni pou franchiz

Si revni ou pi wo pase 150% nivo povrete federal la, w ap responsab pou peye yon franchiz. Yo kalkite yon franchiz HSN swa egalego ak frè anyèl aktyèl la ki pou prim mansyèl ConnectorCare ki pi ba a (\$554 apati dat Gid pou Moun Aje sa a pibliye), oswa 40% diferans ki genyen ant MAGI ki pi ba nan faktirasyon prim pou gwoup fanmi w lan ak 200% nivo povrete federal kèlkeswa sa ki pi plis la.

Pwoesisis pou plent

Malad yo ka mande pou HSN fè yon revizyon sou yon detèminasyon elijiblite pou difikilte medikal oswa yon revizyon sou konfòmite yon founisè avèk règleman HSN yo. Pou pote yon plent nan HSN, voye yon lèt bay:

Health Safety Net Office
 Attn.: HSN Grievances
 100 Hancock Street, 6th floor
 Quincy, MA 02171

Lèt sa a dwe genyen non w ak adrès ou epi, si posib, enfòmasyon konsènan sitiyasyon an, rezon pou plent lan, non founisè a (si gen yon founisè ki enplike), ansanm ak tout lòt enfòmasyon ki enpòtan. Si w gen kesyon konsènan fason pou pote yon plent, rele liy asistans HSN lan nan (877) 910-2100.

SEKSYON 6

MassHealth ak lòt benefis

Nou bay ti esplikasyon tou kout sou differan kalite asirans MassHealth genyen yo nan paj ki vin annapre yo. Si w gen kesyon sou ki sèvis ki kouvri, rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Kat MassHealth

Moun ki elijib pou kouvèti MassHealth Standard, CommonHealth, Family Assistance, Senior Buy-In, ak Limited pral resevwa yon kat MassHealth. Se pou w montre kat MassHealth ou a bay doktè w ak lòt founisè swen medikal chak fwa w resevwa swen medikal. Si w gen lòt asirans maladi, pa blye montre tout kat ou yo.



Tip asirans MassHealth

Standard

MassHealth Standard se pwogram asirans ki pi konplè MassHealth ofri. Li peye pou tout yon seri benefis swen medikal sa enkli sèvis swen alontèm.

Dat asirans lan kòmanse (si w elijib)

Asirans lan kòmanse anjeneral depi nan premye dat nan mwa a ke MassHealth resevwa Aplikasyon pou moun aje ou ranpli epi siyen. Si w gen bil medikal ki poko peye, asirans lan ka kouvri w jiska twa (3) mwa anvan mwa w te fè aplikasyon an, depi w ka pwouve w satisfè kondisyon elijiblite yo*.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth Standard, sèvis ki kouvri yo enkli sa ki site anba a. Kapab genyen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike w yo.

- Sèvis pou pasyan ki entène lopital (Sonje 1)
- Sèvis pou pasyan ki pa entène: lopital, klinik, doktè, dantis, swen lasante adomisil
- Sèvis Medikal (Sonje 1): analiz nan laboratwa, radyografi, terapi, medikaman w achte ak preskripsyon (Sonje 2), danti, linèt pou je, aparèy pou ede moun tande, aparèy ak atik medikal
- Sèvis akiponkti**
- Sèvis lasante mantal ak sèvis pou moun ki pran dwòg epi ki bwè alkòl: pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène
- Sèvis nan ospis - gen kondisyon espesyal ki ka aplike
- Famasi (Sonje 2)
- Transpòtasyon - gen kondisyon espesyal ki ka aplike
- Sèvis oksilyè swen pèsonèl - gen kondisyon espesyal ki ka aplike
- Sèvis pou swen alontèm - gen kondisyon espesyal ki ka aplike
- Sèvis pou maladi kwonik ak reyabilitasyon pou pasyan ki entène lopital - gen kondisyon espesyal ki ka aplike
- Swen medikal lajounen pou adilt ak swen nan mezon dakèy pou adilt
- Swen ak sèvis ki gen rapò ak operasyon pou grèf ògán (si li apwouve)
- Peman frè pataje pou Medicare - prim pou Medicare Seksyon A ak Seksyon B epi kotpa ak franchiz Medicare ki pa anrapò ak famasii

* Si w ap aplike pou swen alontèm nan kay oubyen nan yon etablisman medikal, dat ke kouvèti a kòmanse a ap depann de lòt règleman.

** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 447.000.

Kèk adilt gendwa gen kèk kotpa sou medikaman ke yon famasi distribiye.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon pi detaye sou sèvis yo kouvri nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 450.105. Ou gendwa gen kotpa pou kèk sèvis. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kotpa nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 450.130 ak 130 CMR 520.

CommonHealth

MassHealth CommonHealth ofri benefis swen sante ki sanblab ak MassHealth Standard pou adilt andikape ki pa ka gen MassHealth Standard.

Kilès ki kapab jwenn benefis yo

Ou gendwa kapab gen MassHealth CommonHealth si w yon rezidan Massachusetts epi w yon adilt andikape k ap travay 40 è oubyen plis pa mwa oubyen k ap travay kounyea epi li te travay omwen 240 è nan dènye sis mwa yo tousuit anvan mwa li fè aplikasyon an,

MassHealth deside si w se yon moun andikape dapre estanda lwa federal ak lwa leta a tabli. Pou yon adilt, sa vle di an jeneral ou gen yon pwoblèm mantal oubyen fizik ki ba w gwo limit sou kapasite w pou w travay oubyen pou fè sèten aktivite pandan omwen 12 mwa.

Estanda sou revni

Si revni kòkay ou a plis pase 150% nan FPL la, w ap gen pou w peye prim chak mwa. Montan prim lan baze sou

- revni w pa mwa, parapò ak FPL la,
- konbyen moun ki nan kòkay ou a, epi
- si w gen lòt asirans medikal.

Si w gen pou w peye yon prim, n ap di w montan an e, chak mwa, n ap voye yon fakti ba ou.

Kèk adilt gendwa gen kèk kotpa sou medikaman ke yon famasi distribiye.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth CommonHealth, sèvis ki kouvri yo se sa ki make annapre a. Gendwa gen kèk limitasyon. Founisè swen sante ou a kapab eksplike yo ba ou.

- Sèvis lopital pou malad entène*
- Sèvis pou malad ki pa entène: lopital, klinik, doktè, dantis, planin familyal, ak swen pou zye
- Sèvis medikal: analiz nan laboratwa, radyografi, terapi, sèvis famasi, linèt, aparèy nan zòrèy pou tande, aparèy ak ekipman medikal, sant sante lajounen pou adilt, ak mezon dakèy adilt

- Sèvis akiponkti***
- Sèvis pou sante konpòtmantal (sante mantal ak akoutimans)
- Sèvis swen alontèm lakay oubyen nan sant pou swen alontèm, tankou sèvis medikal lakay
- Sèvis transpò**
- Sèvis pou sispann fimen

* Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 415.000.

** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 407.000.

*** Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 447.000.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak yon deskripsyon pi detaye sou sèvis yo kouvri nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 450.105. Ou gendwa gen kotpa pou kèk sèvis. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kotpa nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 450.130.

Family Assistance

MassHealth Family Assistance disponib pou moun aje ki satisfè règ sou revni ak byen pou MassHealth Standard, men ki genyen yon estati imigrasyon ki anpeche yo jwenn MassHealth Standard. Family Assistance peye pou yon gam benefis swen medikal. Family Assistance (èd pou fanmi) pa peye pou swen alontèm.

Dat asirans lan kòmanse (si w elijib)

Asirans lan kòmanse anjeneral depi nan premye dat nan mwa a ke MassHealth resevwa Aplikasyon pou moun aje ou ranpli epi siyen. Si w gen bil medikal ki poko peye, asirans lan ka kòmanse jiska twa (3) mwa anvan mwa w te fè aplikasyon w lan, depi w ka pwouve ke w satisfè kondisyon eligibile yo.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth Family Assistance, sèvis ki kouvri yo enkli sa ki site anba a. Kapab genyen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike w yo.

- Sèvis pou pasyan ki entène lopital (Sonje 1)
- Sèvis pou pasyan ki pa entène: lopital, klinik, doktè, dantis
- Sèvis Medikal (Sonje 1): analiz nan laboratwa, radyografi, terapi, medikaman w achte ak preskripsyon, danti, aparèy ak atik medikal
- Sèvis akiponkti*
- Sèvis lasante mantal ak sèvis pou moun ki pran dwòg epi ki bwè alkòl: pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène

- Famasi
- Transpòtasyon nan anbilans pou kadijans sèlman

* Ou ka jwenn sèten restriksyon nan règleman MassHealth yo nan 130 CMR 447.000.

SONJE 1: Ka gen kèk limit, tankou laj.

SONJE 2: Si w elijib ni pou Medicare ni pou MassHealth, Medicare ofri pifò nan asirans pou medikaman w achte ak preskripsyon atravè yon plan Medicare pou medikaman w achte ak preskripsyon. Sa vle di w dwe chwazi epi w dwe enskri nan yon plan Medicare pou medikaman w achte ak preskripsyon. Si w pa chwazi yon plan pou medikaman, Medicare pral chwazi youn pou ou. Ou ka chanje plan yo nenpòt lè.

Èd an kadijans pou moun aje, moun ki andikape ak timoun (EAEDC, Emergency Aid to Elderly, Disabled and Children)

Moun ki gen 65 an oswa plis k ap resevwa asistans lajan kach nan pwogram EAEDC Depatman Asistans Tranzisyonèl la elijib pou MassHealth Standard oswa MassHealth Family Assistance.

SONJE: Si w ap resevwa benefis lajan kach tou nan pwogram EAEDC a nan Depatman Asistans Tranzisyonèl la, ou pral jwen asirans medikal tou nan pwogram EAEDC a.

Limited

Asirans MassHealth Limited disponib pou moun aje ki gen 65 lane daj oswa plis ki satisfè règ sou revni ak byen pou MassHealth Standard oswa MassHealth Family Assistance yo, men ki genyen yon estati imigrasyon ki anpeche yo jwenn MassHealth Standard oswa Family Assistance. MassHealth Limited pa peye pou swen alontèm. Asirans lan se pou sèvis medikal nan kadijans sèlman.

Dat asirans lan kòmanse (si w elijib)

Asirans lan kòmanse anjeneral depi nan premye dat nan mwa a ke MassHealth resevwa Aplikasyon pou moun aje ou ranpli epi siyen. Si w gen bil medikal ki pokò peye, asirans lan ka kòmanse jiska twa (3) mwa anvan mwa w te fè aplikasyon an, depi w ka pwouve ke w satisfè kondisyon eligibilite yo.

Sèvis ki kouvri

Pou MassHealth Limited, sèvis ki kouvri yo enkli sa ki site anba a. Ou kapab resevwa tretman sèlman nan kadijans medikal (pwoblèm ki kapab lakòz gwo dega si w pa trete). Kapab genyen kèk limit. Founisè swen medikal ou a ka eksplike w yo.

- Sèvis pou pasyan ki entène lopital: sèvis nan kadijans sèlman
- Sèvis pou pasyan ki pa entène: sèvis nan kadijans ak vizit annijans nan saldijans
- Kèk sèvis medikal doktè ak klinik yo bay, men se pa nan lopital
- Sèvis nan famasi pou tretman nan kadijans pou maladi
- Transpòtasyon nan anbilans pou kadijans pou maladi sèlman

Pwogram Ekonomi Medicare nan MassHealth (yo rele li tou Buy-In)

Pwogram Ekonomi Medicare nan MassHealth lan (Buy-In) ede peye kèk depans pou Medicare ki soti nan pòch ou. Pwogram Buy-In yo kapab ede tou moun ki gen sèlman Medicare Pati A jwenn Medicare Pati B. Si w nan yon pwogram Buy-in, yo pral anwole w otomatikman nan pwogram Ekstra Èd Medicare Pati D a, se yon bagay ki kapab ede ak depans nan famasi yo.

MassHealth Buy-In pou Moun Aje

MassHealth Buy-In pou Moun Aje gendwa peye pou prim Medicare Pati B (epi nan kèk ka pou Pati A a) epi pou dediktib ak koasirans ki anba Pati A ak B.

Dat asirans lan kòmanse

Asirans lan kòmanse kouvri w apatide premye jou nan mwa a, apre dat MassHealth deside ke w kalifye.

MassHealth Buy-In

MassHealth Buy-In gendwa peye pou prim Medicare Pati B.

Dat asirans lan kòmanse

Asirans lan kòmanse kouvri w nan mwa MassHealth resevwa aplikasyon MassHealth Buy-In ou ranpli epi siyen epi li ka kòmanse kouvri w jiska twa (3) mwa anvan mwa w fè aplikasyon an depi w ka pwouve w satisfè kondisyon eligibilite yo.

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram Ekonomi (Buy-In)

Medicare yo, gade nan 130 CMR 519.010 ak 519.011.

Ou ka jwenn yon lis konplè ak tout detay sou sèvis ki kouvri yo nan règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 450.105, CMR 415.000 (sèvis lopital pou pasyan ki entène), ak 407.000 (sèvis transpòtasyon). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kotpa nan règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 450.130.

Lòt Pwogram

Pwogram Senior Care Options (SCO)

Kisa li ye epi pou ki moun li ye

Senior Care Options (SCO) se yon pwogram swen sante konplè. SCO kouvri tout sèvis ki nòmalman peye atravè Medicare ak MassHealth. Pwogram SCO a ofri sèvis pou manm li yo atravè yon plan SCO ansanm ak rezo founisè li yo. SCO ofri opòtinite pou resevwa swen medikal de kalite lè l kombine sèvis medikal ak sèvis sipò sosyal. Li fè sa lè l koòdone swen ak sèvis sipò jeryatrik espesyalize, ansanm ak larelèv nan swen pou fanmi ak moun k ap bay swen yo.

Pa genyen ankenn kotpa pou manm yo ki enskri nan SCO.

Enskripsyon louvri pou manm MassHealth Standard yo ki satisfè kritè sa yo:

- gen 65 an oswa plis;
- abite lakay yo oswa nan yon etablisman swen alontèm (yon manm paka yon pasyan ki entène nan yon lopital pou maladi kwonik oswa nan yon lopital reyadaptasyon oswa ap viv nan yon etablisman swen entèmedyè pou moun andikap entelektyèl);
- pa sijè a peryòd franchiz sis mwa selon règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 520.000;
- pa dyagnostike avèk maladi ren nan faz tèminal; epi
- abite nan yon zòn yon plan SCO desèvi.

SCO ofri moun aje yo benefis sèvis swen koòdone. Manm ki enskri nan SCO genyen aksè 24 sou 24 nan swen epi yo patisipe aktivman nan desizyon konsènan swen medikal yo. Manm SCO yo genyen yon founisè swen primè (PCP) ki afilye avèk plan SCO a. PCP manm lan ansanm ak yon ekip enfimyè, espesyalis ak yon koödinatè sèvis sipò jeryatrik travay avèk manm lan (ansanm ak manm fanmi oswa moun k ap ba li swen, si sa aplikab) pou devlope yon plan swen pou espesifikman abòde bezwen manm lan.

Sèvis ki kouvri yo enkli tout sèvis MassHealth ak Medicare kouvri, pa egzanp: livrezon manje,

transpò, swen lajounen pou adilt, preskripsiyan*, ospitalizasyon epi si sa nesesè, plasman nan etablisman ki bay swen enfimye.

Enskripsiyan nan SCO se yon bagay ki volontè epi, yonfwa yon manm fin enskri, li ka kite pwogram nan nenpòt mwa nan ane a.

* SCO se founisè asirans pou medikaman Medicare w achte ak preskripsiyan.

Ki kote pou rele

Senior Care Options, nan (888) 885-0484, TTY: (888) 821-5225.

Benefis MassHealth ki pral site la yo se kèk nan gwo varyete sipò kominotè, rezidansyèl ak enstitisyonèl alontèm ki disponib pou moun ki gen 65 an oswa plis oswa moun ki andikape k ap viv lakay yo oswa yo bezwen swen nan yon etablisman ki bay swen enfimye.

Swen pou gwooup adilt nan mezon dakèy

Si w bezwen èd ak swen pèsònèl ou chak jou epi w bezwen viv nan yon kay ki sibvansyone oswa yon rezidans asiste*, swen pou gwooup adilt nan mezon dakèy ka sa ki bon pou ou.

* Si w ap aplike pou swen pou gwooup adilt nan mezon dakèy, aranjman SSI-G ap fè pou lavi w atravè Administrasyon Sekirite Sosyal kapab yon opsyon.

Swen nan mezon dakèy pou adilt

Si w bezwen èd avèk swen pèsònèl ou chak jou epi w ta renmen resevwa swen sa a nan yon kad familyal, tankou se lakay ou, swen nan mezon dakèy pou adilt ka sa ki bon pou ou.

Swen medikal lajounen pou adilt

Si w bezwen èd avèk swen pèsònèl ou epi/oswa swen enfimye nan yon pwogram lajounen nan yon kad ki medikalman sipèvize, estriktire, swen medikal lajounen pou adilt ka sa ki bon pou ou.

Pwogram adaptasyon lajounen

Si w se yon moun ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmantal epi w bezwen èd pou devlope kapasite ki pou ede w rete endepandan nan kominate a, Pwogram reyadaptasyon lajounen an ka sa ki bon pou ou.

Swen nan etablisman ki bay swen enfimye

Si w bezwen sèvis enfimye kalifye nan yon kad enstitisyonèl akoutèm oswa alontèm, swen nan etablisman ki bay swen enfimye ka sa ki bon pou ou.

Kondisyon pou ranpli

- Apwobasyon yon doktè ki deklare sèvis sa yo bon pou ou
- Apwobasyon klinik nan men ajan klinik yo deziyen an**
- Bezwen pou swen pèsonèl chak jou**
- Kondisyon finansye jan sa dekri nan gid sa a

** Pa obligatwa pou Pwogram adaptasyon lajounen an

Ki kote pou rele

Pou kesyon finansye jeneral konsènan MassHealth:
rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

SEKSYON 7

Dwa w yo, Responsablite w yo ak lòt enfòmasyon enpòtan ou dwe konnen sou MassHealth

Konfidansyalite ak tretman san patipri

MassHealth konfòme l ak tout lwa federal ki konsène dwa sivil. Nou pa fè diskriminasyon, nou pa eksklí, nou pa trete okenn moun dapre ras, koulè po, peyi natif natal, laj, andikap, reliyón, kwayans, preferans seksyèl oswa sèks, an kontan idantite seksyèl ak estereyotip seksyèl.

MassHealth ofri èd ak sèvis gratis pou moun k ap aplike ak manm ki gen andikap oubyen ki pa fò nan lang anglè tankou yo ofri sèvis entèprèt kalifye ak enfòmasyon alekri nan lòt fòma oubyen lòt lang dapre egzijans lwa federal ak lwa leta yo.

Si w ta renmen gen sèvis sa yo, kominike avè n nan nimewo (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Si w kwè MassHealth manke founi w sèvis sa yo oswa l fè yon kalite diskriminasyon poutèt ras, koulè po, peyi natif natal, laj, andikap, reliyón, kwayans, preferans seksyèl, oswa sèks an kontan idantite seksyèl ak estereyotip seksyèl, ou gendwa pote yon plent bay:

Section 1557 Compliance Coordinator

(Ajan konfòmíté seksyon 1557)

1 Ashburton Place, 11th Floor

Boston, MA 02108

Telefòn: (617) 573-1704, TTY: (617) 573-1696

Nimewo faks: (617) 889-7862, osinon

Imèl nan: Section1557Coordinator@state.ma.us.

Ou ka pote yon plent swa fasafas oswa pa lapòs, faks, oswa imèl. Si w bezwen èd pou w pote yon plent, ajan konfòmíté seksyon 1557 la kapab ede w fè sa.

Men lòt jan ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights (Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo Dwa Sivil):

Elektwonik nan sit elektwonik Biwo pou plent sou dwa sivil (Office for Civil Rights Complaint) la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>

Lapòs

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue SW.

Room 509F, HHH Building

Washington, DC 20201, or

Telefòn: (800) 368-1019,

TTY/TDD: (800) 537-7697.

Fòmilè pou pote plent yo disponib nan sit entènèt www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html.

MassHealth ak Health Connector a angaje pou yo kenbe enfòmasyon pèsonèl nou genyen sou ou konfidansyèl. Tout enfòmasyon pèsonèl MassHealth genyen sou nenpòt aplikan oswa manm, li enkli done medikal oswa kondisyon sante, ansanm ak enfòmasyon pèsonèl ou ban nou pandan w ap fè aplikasyon pou jwenn ak pou resevwa benefis se bagay ki konfidansyèl. Yo paka itilize oswa divilge enfòmasyon sa a, pou lòt itilizasyon apade administrasyon MassHealth oswa Health Connector a san w pa bay pèmisyon w oswa san yon lòd tribinal.

Ou ka ban nou pèmisyon alekri pou nou itilize enfòmasyon medikal pèsonèl ou pou yon bi presi oswa pataje l avèk yon moun oswa yon òganizasyon presi. Epitou ou ka ban nou pèmisyon w pou pataje enfòmasyon pèsonèl ou avèk reprezantan w ki otorize, konseye sètifye nan ranpli aplikasyon(Certified Application Counselor, CAC) oswa Gid, si w genyen youn, lè w ranpli yon fòm Deziyasyon Reprezantan Otorize (Authorized Representative Designation Form), yon fòm Deziyasyon Konseye Sètifye nan ranpli Aplikasyon (Certified Application Counselor Designation Form) oswa yon fòm Deziyasyon Gid. Nou gendwa kominike avèk ou pou n distribye enfòmasyon ki koresponn ak avantaj medikal epi byennèt ke w gendwa elijib pou w resevwa.

Pou plis enfòmasyon konsènan fason MassHealth ak Health Connector a ka itilize epi pataje enfòmasyon w ak dwa ou genyen konsènan enfòmasyon w, tanpri revize Notis MassHealth sou Pratik sou Lavi Prive ak Règleman Health Connector a sou Lavi Prive. Ou ka jwenn yon kopi Notis MassHealth sou Pratik Lavi Prive lè w rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 oswa lè w vizite www.mass.gov/masshealth. Ou kapa wè Règleman Health Connector sou Lavi Prive nan www.MAhealthconnector.org/site-policies/privacy-policy.

Reprezantan otorize

Yon reprezantan otorize se yon moun ou chwazi pou ede w jwenn asirans medikal atravè pwogram MassHealth ak Massachusetts Health Connector ofri. Ou ka fè sa lè w ranpli fòm ki rele Authorized Representative Designation Form (ARD). Yon reprezantan otorize kapab ranpli aplikasyon w lan oswa fòm pou revizyon elijiblite, li ka bay prèv pou fòm elijiblite sa yo, rapòte chanjman nan revni w, adrès ou oswa lòt sikontans, resevwa kopi tout notis sou elijiblite oswa enskripsiyon

MassHealth oswa Health Connector yo voye ba w, epi li ka aji nan non w nan tout bagay ki gen rapò ak MassHealth oswa Health Connector a.

Yon reprezantan otorize se kapab yon zanmi, yon manm fanmi oswa yon lòt moun oswa òganizasyon ou chwazi epi ki dakò pou ede w. Se oumenm ki pou chwazi yon reprezantan otorize si w vle gen youn. MassHealth oswa Health Connector pa pral chwazi yon reprezantan otorize pou ou.

Ou dwe deziye alekri sou fòm Authorized Representative Designation Form pou deziye yon reprezantan oswa yon dokiman ki gen otorizasyon pou moun oswa òganizasyon ou vle ki pou sèvi kòm reprezantan otorize w la. Nan pifò ka, reprezantan otorize w la dwe ranpli fòm. W ap jwenn fòm sa a nan pakè aplikasyon an, oswa ou ka rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 oswa vizite www.mass.gov/masshealth, pou jwenn youn. Tanpri gade enstriksyon yo ki sou fòm nan pou plis detay.

Yon reprezantan otorize se kapab yon moun tou ki gen responsabilite pou aji nan non w si w paka deziye yon reprezantan otorize alekri akòz yon pwoblèm fizik oswa mantal oswa se lalwa ki te nonmen moun sa a pou aji nan non w oswa nan non siksesyon w. Moun sa a dwe ranpli Seksyon ki aplikab nan fòm Authorized Representative Designation Form. Si se lalwa ki te nonmen moun sa a pou reprezante w, swa oumenm swa moun sa a dwe soumèt yon kopi dokiman legal ki aplikab la bay MassHealth oswa Health Connector, ki deklare moun sa a reprezante legalman oumenm oswa byen w. Moun sa a kapab yon gadyen legal, konsèvatè, genyen pwokirasyon oswa pwokirasyon pou swen medikal, oswa si aplikan an oswa manm lan mouri, li ka vin administratè oswa egzekitè byen l yo.

Pèmisyon pou pataje enfòmasyon

Si w vle pou nou pataje enfòmasyon medikal pèsonèl ou, li enkli pou n voye kopi notis sou elijiblite w, ak yon moun ki pa reprezantan otorize w, ou ka fè sa lè w ban nou pèmisyon alekri. Nou genyen fòm ou ka itilize pou sa. Ou ka rele nou oswa vizite www.mass.gov/masshealth, pou jwenn yon kopi fòm ki apwopriye a.

Rapòte chanjman yo

Ou dwe fè n konnen nenpòt chanjman ki ka afekte elijiblite w nan 10 jou apre chanjman an fèt oswa leplivit ke posib. Gade nan Seksyon 9, Ki kote pou w jwenn èd, pou enfòmasyon sou ki kote pou rapòte chanjman yo. Chanjman sa yo gen ladan men se pa sa sèlman

- revni
- asirans medikal
- byen ou posede
- estati imigrasyon
- estati envalidite
- adrès

Si w pa fè nou konnen chanjman sa yo, benefis MassHealth ou yo ka sispann epi ou pap kapab itilize kat MassHealth ou a.

Bay enfòmasyon ki kòrèk

Si w bay enfòmasyon ki pa kòrèk oswa move enfòmasyon sa ka mete fen nan benefis ou yo. Sa ka lakòz tou ou peye amann, ou pran prizon oswa toulede.

Desizyon nou ak dwa w genyen pou fè apèl

Nou pral voye yon notis pou fè w konnen si w ka oswa ou paka jwenn youn nan kalite asirans oswa pwogram asirans MassHealth yo, plan Health Connector yo oswa Health Safety Net la. Si w panse desizyon nou an pa kòrèk, ou gen dwa pou mande pou yon odyans san patipri pou fè apèl a desizyon nou an. Notis yo gen enfòmasyon ki eksplike fason pou mande pou yon odyans san patipri epi ki valè tan ou genyen pou mande pou youn.

Gade Komite pou Odyans yo nan Seksyon 9 a pou jwenn ki kote pou voye demann pou odyans san patipri ou a. Si w genyen kesyon konsènan yon notis MassHealth oswa sou fason pou mande pou yon apèl, rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Si w gen kesyon konsènan yon apèl nan Health Connector, rele Health Connector a nan (877) 623-6765.

Si w gen kesyon konsènan yon plent nan Health Safety Net, rele sant Sèvis kliyan Health Safety Net la nan (877) 910-2100. Se MassHealth ki fè detèminasyon pou Health Safety Net.

Enfòmasyon sou fason pou resevwa sèvis medikal pandan w gen MassHealth Standard, Family Assistance oswa Limited

Apwobasyon davans

Pou kèk sèvis medikal, doktè w oswa pwofesyonèl medikal ou, fèt pou gen apwobasyon MassHealth dabò. Se sa yo rele "apwobasyon davans." Ou pa bezwen apwobasyon MassHealth davans pou sèvis medikal Medicare kouvri yo.

Si w gen lòt asirans medikal

Si w gen Medicare, Medigap oswa nenpòt lòt kalite asirans maladi, pwofesyonèl medikal ou dwe voye bil la bay lòt konpayi asirans yo dabò. MassHealth va peye nenpòt kotpa oswa franchiz ki rete yo.

Pwofesyonèl medikal ou pa dwe voye bil ba w pou okenn sèvis ni pou okenn Seksyon nan okenn sèvis MassHealth kouvri.

SONJE: MassHealth pa pral peye pou ankenn Seksyon nan depans pou sèvis lòt asirans medikal kouvri.

Depans ki soti nan pòch ou

Gen de sikonstans kote MassHealth ka remèt ou lajan pou bil medikal ou peye anvan w te jwenn avi ki fè w konnen MassHealth apwouve w la. Nou va fè sa si:

- nou te refize elijiblite w epi apre nou deside refi nou an pat kòrèk; oswa
- ou te peye pou sèvis medikal MassHealth kouvri si w te fè tretman sa a anvan nou te fè w konnen ou tap jwenn MassHealth. Nan sikonstans sa a, pwofesyonèl medikal ou fèt pou remèt ou lajan an epi li fèt pou voye bil la bay MassHealth pou sèvis la. Pwofesyonèl medikal ou a dwe aksepte peman MassHealth la kòm peman konplè.

Si oumenm oswa manm fanmi w fè yon aksidan

Si oumenm oswa nenpòt manm nan fanmi w enplike nan yon aksidan oswa pran chòk nan kèk lòt fason, epi oumenm oswa manm fanmi w resevwa lajan nan men yon tyès Seksyon akòz aksidan oswa chòk sa a, ou pral bezwen itilize lajan sa a pou repeye nenpòt moun ki te peye pou depans medikal ki gen rapò ak aksidan oswa chòk sa a.

- Ou pral gen pou peye MassHealth pou sèvis MassHealth te kouvri.
 - Si w ap aplike pou MassHealth akòz yon aksidan oswa yon chòk, ou pral gen pou itilize lajan an pou repeye tout depans MassHealth te fè pou tout sèvis medikal oumenm ak manm fanmi w te resevwa.

- Si oumenm oswa nenpòt manm fanmi w enplike nan yon aksidan oswa pran chòk nan kèk lòt fason, aprè w fin elijib pou MassHealth, ou pral gen pou itilize lajan sa a pou repeye sèlman depans MassHealth te kouvri pou sèvis medikal ou te resevwa akòz aksidan oswa chòk sa a.
- Ou pral gen pou peye Massachusetts Health Connector oswa konpayi asirans medikal ou a pou kèk sèvis medikal yo te ba w.
- Ou pral gen pou peye Health Safety Net pou sèvis medikal yo te ranbouse w ak nenpòt manm nan kay la.
- Ou dwe fè MassHealth, konpayi asirans ou an pou plan ConnectorCare yo ak Kredi taks pou prim ki bay davans oswa Health Safety Net konnen alekri nan yon delè 10 jou sivil oswa lepli vit posib, si w fè yon reklamasyon pou asirans oswa w antame yon pwosè akòz yon aksidan oswa chòk oumenm oswa manm fanmi w k ap aplike pou benefis oswa ki deja genyen benefis te fè. Tyès Seksyon ki kapab ba w oswa bay manm fanmi w lajan akòz yon aksidan oswa chòk enkli Seksyon ki pral site anba a:
 - yon moun oswa yon biznis ki te ka lakòz aksidan oswa chòk a;
 - yon konpayi asirans, li enkli pwòp konpayi asirans ou; oswa
 - lòt sous, tankou asirans kont aksidan nan travay.

Pou plis enfòmasyon konsènan rekiperasyon akòz aksidan, gade règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 517.000 ak Chapit 118E nan Lwa Jeneral Massachusetts yo.

Tretman nan lòt eta nan kadijans

MassHealth se yon pwogram swen lasante pou moun ki abite nan Massachusetts ki resevwa swen medikal nan Massachusetts. Gen de sikostans kote MassHealth ka peye pou tretman nan kadijans maladi lè yon manm MassHealth pa nan Leta Massachusetts la*. Gen kèk kondisyon espesyal ki aplike.

Si nenpòt ki kadijans prezante pandan w pa nan leta a, prezante kat MassHealth la oswa nenpòt ki lòt kat asirans maladi w genyen, si li posib. Epitou, asire w rele nou nan nimewo (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 nan 24 èdtan apretretman annijans lan fêt, oswa leplivit ke w kapab.

* Selon règleman MassHealth 130 CMR 450.109(B), MassHealth pa kouvri ankenn sèvis medikal ou resevwa andeyò Etazini ansanm ak tèritwa l yo.

Kat MassHealth la

Si w elijib pou MassHealth Standard, MassHealth Family Assistance, MassHealth Limited oswa MassHealth Senior Buy-In, ou pral resevwa yon kat MassHealth. Ou dwe montre doktè w oswa lòt pwofesyonèl medikal kat MassHealth la chak fwa w resevwa swen medikal. Moun yo detèmine ki gen revni ki ba pou objektif pwogram Health Safety Net (HSN) la pa pral resevwa yon kat. Si w elijib pou sèvis HSN, lopital yo ak sant sante kominotè yo pral tcheke pou detèmine si yo ka jwenn ranbousman pou sèvis yo ba w ak sèvis yo bay mari w oswa madanm ou.

Desizyon nou

Nou va kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon anvan pou nou pran yon desizyon. Nou va voye yon avi pa ekri ba w sou elijibilite w, anjeneral anvan 45 jou pase sou dat nou resevwa aplikasyon w te ranpli ak siyen an.

- Si w elijib, avi sa a va fè w konnen dat asirans lan kòmanse kouvri w la. Gade **Seksyon 6** pou w jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ak benefis ki disponib nan chak kalite asirans MassHealth.
- Si w gen yon franchiz, avi an va fè w konnen kouman nou detèmine ki kantite franchiz lan ye ak kisa w dwe fè pou w ranpli kondisyon franchiz lan.
- Si w gen pou w peye sant ki ba w swen alontèm nan pòsyon lajan malad la dwe peye [patient-paid amount (PPA)], avi an va fè w konnen ki kantite li ye ak kouman nou detèmine PPA a.
- Si w pa elijib, avi an va fè w konnen poukisa ak kouman pou mande yon apèl sou desizyon nou an. Gade Seksyon 7.

Enfòmasyon sou kotpa ak prim pou endyen ameriken/natif Alaska

Endyen ameriken ak natif Alaska ki te resevwa oswa ki elijib pou resevwa yon sèvis nan men yon founisè swen medikal endyen oswa yon founisè swen medikal ki pa endyen atravè rekòmandasyon yon founisè swen medikal endyen te fè pa bezwen peye kotpa ak prim, epi yo ka genyen peryòd enskripsyon espesyal chak mwa antanke manm MassHealth.

Fason nou itilize nimewo sekirite sosyal ou

Amwenske youn nan egzanpsyón yo aplikab jan sa dekri nan paj 6 lan, ou dwe ban nou yon nimewo sekirite sosyal (SSN) oswa prèv ou te aplike pou youn pou chak manm nan fanmi w k ap aplike. MassHealth ka mande w pou ban nou SSN lan, si w

ka jwenn li, pou tout moun ki pap aplike ki genyen oswa ki ka jwenn asirans medikal ki kouvri w oswa ki kouvri nenpòt manm nan fanmi ou. MassHealth gen dwa mande nimewo SSN dapre Lwa Refòm fiscal 1976 ki te modifie Seksyon 205(c)(2) Lwa Sosyal Sekirite ak anba 130 CMR 503.003.

Nou pral itilize SSN ou pou nou tcheke enfòmasyon ou te ban nou. Nou pral itilize l tou pou detekte fwòd, wè si gen moun k ap resevwa doub benefis, oswa pou wè si gen lòt moun (yon "tyès pati") ki ta dwe peye pou sèvis yo.

Nou matche SSN nenpòt moun lakay ou k ap aplike epi SSN nenpòt moun ki genyen oswa ki ka jwenn asirans medikal pou moun sa a ak dosye ajans yo, li enkli ajans ki site anba a:

- Internal Revenue Service
- Social Security Administration
- Systematic Alien Verification for Entitlements (SAVE)
- Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS)
- Registry of Motor Vehicles
- Department of Revenue
- Department of Transitional Assistance
- Department of Industrial Accidents
- Division of Unemployment Assistance
- Department of Veterans' Services, Human Resource Division
- Bureau of Special Investigations
- Bureau of Vital Statistics (Department of Public Health).
- Bank yo
- Lòt etablisman finansye yo.

Si MassHealth peye yon pòsyon prim asirans medikal ou a, MassHealth ka ajoute SSN ou oswa SSN moun nan fanmi w ki gen asirans lan sou non li nan dosye founisè Kontwolè finans eta a. Oumenm oswa moun nan fanmi w ki gen asirans lan sou non li lan dwe genyen yon SSN ki valid anvan w ka resevwa yon pèman nan men MassHealth.

Yo ka konpare dosye yo tou avèk ajans sèvis sosyal nan eta sa a ak lòt eta, ansam ak dosye elektwonik konpayi asirans, anplwayè ak òganizasyon swen entegre. Anplis de sa, MassHealth gendwa jwenn dosye finansye ou yo (epi, si sa aplikab, pa manm kòkay ou yo) nan men bank ak lòt enstitisyon finansyè pou sa verifye resous finansyè ou yo epi detèmine otreman kalifikasyon w pandan w manm MassHealth.

Rekiperasyon sou siksesyon kèk manm lè yo fin mouri

Daprè lwa federal ak leta, MassHealth gen dwa pou rekipere lajan sou byen ki nan siksesyon kèk manm MassHealth lè yo fin mouri, sòf si gen eksepsyon ki aplikab. Yo bay MassHealth dwa pou yo repeye li lajan pou tout depans ki te fèt pou swen e ke MassHealth te peye, pou manm ki gen 55 an oswa plis oswa pou manm nenpòt laj ki viv an pèmanans nan yon etablisman swen alontèm oswa nan yon lòt etablisman medikal.

Zafè rekiperasyon sou byen yo gendwa aplikab pou manm MassHealth yo kit yo enskri kit yo pa enskri nan yon plan sante. Peman MassHealth ki kalifye pou rekiperasyon sou byen imobilye enkli peman ke MassHealth bay founisè swen sante yo dirèkteman pou swen yon manm. Pou manm ki enskri nan yon plan sante, tankou yon Managed Care Organization, Accountable Care Organization, Senior Care Options, PACE oswa One Care, rekiperasyon sou byen yo gendwa enkli tou ranbousman ki fèt pou kantite lajan total MassHealth te bay plan asirans lan sou fòm peman mansyèl pou prim. MassHealth kapab rekipere sèlman byen legal ki nan siksesyon yon manm. Byen sa yo gendwa enkli byen imobilye tankou yon kay, yon biznis oswa yon pwopriyete ki rapòte lajan epitou lajan nan kontanbank. MassHealth ap chèche ranbousman sèlman lè yon manm kite kòm siksesyon yon byen legal ki vo \$25,000 oswa plis an byen. Gen plizyè fason moun oswa fanmi ka retade rekiperasyon byen imobilye yo oswa jwenn yon egzansyon pou yon pòsyon oswa tout kantite lajan an sizanka yo ta gen gwo pwoblèm.

- Yo kapab retade rekiperasyon an si manm lan mouri kite yon konjwen kap viv, yon timoun adilt ki avèg, ki gen yon andikap total e pèmanan oswa yon timoun ki gen mwens ke 21an.
- Si rekiperasyon byen imobilye a ta lakòz kèk pwoblèm depase, MassHealth gendwa derefize tout oswa yon pòsyon nan lajan ki rekipere a.

Pou manm yo ki gen 55 an oswa plis ki te elijib ni pou MassHealth ni pou Medicare, MassHealth pa pral rekipere benefis nan depans pataje Medicare yo (prim, dediktib ak kotpa) ki te peye nan dat 1ye janvye 2010 oswa aprè dat sa a.

Anplis de sa, si manm lan, nan dat yo admèt li nan etablisman swen alontèm lan, te gen kèk asirans* pou swen alontèm epi li te satisfè lòt egzijans pou li kalifye pou eksepsyon sa a daprè règleman yo,

li ka posib ke siksesyon yon manm MassHealth pa bezwen repeye MassHealth pou sèvis nan etablisman swen enfimye ak lòt sèvis pou swen alontèm.

-
- * Asirans pou swen alontèm lan dwe satisfè règleman Divizyon Asirans lan daprè 211 CMR 65.09, ak regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 515.000. Manm lan sipoze tap viv tou nan yon etablisman swen alontèm epi li sipoze te di MassHealth ke li pat gen entansyon retounen lakay li.

Pou plis enfòmasyon sou rekiperasyon sou byen imobiliye, gade nan regilasyon MassHealth yo nan 130 CMR 501.000 ak 515.000, Chapit 118E Lwa Jeneral Massachusetts, epi vizite mass.gov/EstateRecovery.

Ranbousman ki soti nan pansyon anyèl yo

Yon aplikan, manm oswa konjwen yon manm MassHealth dwe nonmen Commonwealth la kòm benefisyè rezidyèl tout pansyon anyèl ki achte, an rant oswa ki chanje le 8 fevriye 2006 oswa aprè dat sa a, pou montan total asistans medikal Commonwealth la peye pou moun ki enstitisyonalize a. Yo pa dwe retire deziyasyon benefisyè sa a.

Gade règleman MassHealth lan nan seksyon 130 CMR 520.000 pou plis enfòmasyon.

Siyen pou vote

Gid sa enkli enfòmasyon sou anrejistreman elektè. Ou pa bezwen enskri pou vote pou w kab resevwa benefis.

SEKSYON 8

Règ sou sitwayènte ameriken ak imigrasyon

Lè n ap deside si w elijib pou benefis, nou gade tout kondisyon ki dekri nan chak kalite asirans ak pwogram. Nou pral eseye pwouve estati sitwayènte resòtisan ameriken w ak estati imigrasyon w lè nou itilize sèvis done federal ak leta pou nou deside si w ka jwenn sèten kalite asirans.

Sitwayen/resòtisan ameriken

Sitwayen/resòtisan ameriken yo ka elijib pou MassHealth Standard ak Family Assistance. Yo ka elijib tou pou plan Health Connector yo oswa Health Safety Net.

Prèv sitwayènte ak idantite obligatwa pou tout sitwayen/resòtisan ameriken.

Yon sitwayen peyi Etazini se:

- yon moun ki te fèt nan peyi Etazini oswa nan tèritwa l yo, li enkli Pòtoriko, zile Vyèj yo, Gwàm, ak zile Maryàn Nò yo, eksepte si se ptit yon diplomat etranje epi ki otreman kalifye pou sitwayènte ameriken daprè §301 ak sak annapre yo nan Lwa sou Imigrasyon ak Natirализasyon (INA);
- yon moun ki fèt epi paran l se yon sitwayen ameriken oswa ki otreman kalifye pou sitwayènte ameriken daprè §301 ak sak annapre yo nan INA;
- yon sitwayen ameriken ki natiralyze; oswa
- yon resòtisan (ni resòtisan ki sitwayen ameriken ni resòtisan ki pa sitwayen ameriken).
 - Resòtisan ki sitwayen ameriken. se yon moun ki kalifye kòm yon sitwayen ameriken daprè §301 ak sak annapre yo nan INA.
 - Resòtisan ki pa sitwayen ameriken. ki te fèt nan youn nan tèritwa outremè ki depann de Etazini, li enkli Samowa ameriken ak zile Swain, epi paran l se yon resòtisan ki pa sitwayen ameriken.

Moun ki pa sitwayen ameriken

Pou jwenn kalite MassHealth ki bay plis asirans, oswa pou jwenn yon plan Health Connector, ou dwe pwouve estati imigrasyon ki satisfezan. MassHealth ak Health Connector a pral matche enfòmasyon w avèk enfòmasyon ki nan ajans leta ak federal yo pou pwouve estati imigrasyon yo. Si sous elektwonik yo paka pwouve estati ou deklare a, moun nan pral oblige prezante kèk lòt dokiman.

Moun ki pa sitwayen ameriken pa oblige soumèt dokiman imigrasyon yo avèk aplikasyon an si y ap aplike sèlman pou ptit yo, men yo pap aplike pou ankenn benefis medikal pou tèt yo.

Imigran ki nan peyi a legalman

Moun ki pral site la yo se imigran ki nan peyi a legalman.

Etranje ki kalifye

Moun ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Standard oswa CommonHealth. Yo ka elijib tou pou benefis atravè Health Connector oswa Health Safety Net la.

Genyen de gwoup etranje ki kalifye:

1. Moun ki kalifye kèlkanswa lè yo te rantre Ozetazini oswa depi konbyen tan yo te gen yon estati kòm moun ki kalifye. Moun sa yo se:
 - Moun yo te akòde azil selon seksyon 208 INA a;
 - Refijke yo te admèt selon seksyon 207 INA a;
 - Moun yo te kenbe depòtasyon yo selon seksyon 243(h) oswa 241(b)(3) INA a, jan sa mansyone nan seksyon 5562 lwa federal Balanced Budget Act ane 1997 la;
 - veteran, konjwen yo ak pitit yo
 - Veteran fòs lame Etazini avèk liberasyon onorab ki pa gen rapò ak estati yo kòm etranje; oswa
 - Veteran Filipino ki te konbat sou depa Etazini pandan Dezyèm Gè Mondyal la; oswa
 - Veteran Hmong ak Highland Lao yo te admèt pou rezidans pèmanan legal (LPR) epi ki te konbat sou direksyon Etazini pandan lagè Vyvetnam nan; oswa
 - Moun ki gen estati etranje ki nan sèvis aktif nan fòs lame Etazini, apade antrènman pou sèvis aktif; oswa
 - Konjwen, konjwen vèf oswa vèv ki pa remarye oswa timoun depandan etranje a ki dekri nan kat pwenn anwo a.
 - Moun ki rantre sou kondisyon selon seksyon 203(a)(7) nan INA a ki anvigè anvan 1ye avril 1980;
 - Moun ki te rantre kòm kiben/ayisyen selon seksyon 501(e) nan lwa Refugee Education Assistance Act ane 1980 an;
 - Pou Medicaid, endyen ameriken ki gen omwen 50 pouzan san endyen ameriken ki te fèt Kanada selon seksyon 289 nan INA a oswa lòt manm tribal ki te fèt nan teritwa ki andeyò Etazini selon 25 U.S.C. 450b(e);
 - Amerazyen jan sa dekri nan seksyon 402(a)(2) (A) (i)(V) nan lwa lwa ki tabli yon Koneksyon ant Responsabilite Pèsonèl ak Opòtinite Travay (Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act) (PRWORA) ane 1996 la;

- Moun ki viktim yon seri trafik imen ki grav, konjwen, pitit, frè ak sè viktim nan selon lwa pou Victim Trafik Imen ak Pwoteksyon kont Vvolans (Victims of the Trafficking and Violence Protection Act) ane 2000 lan (Lwa Biblik 106-386) jan sa modife;
- Imigran espesyal ki soti Irak ki gen estati imigran espesyal selon seksyon 101(a)(27) INA a, selon seksyon 1244 Lwa Biblik 110-181 oswa seksyon 525 Lwa Biblik 110-161; oswa
- Imigran espesyal ki soti Afganistan ki gen estati imigran espesyal selon seksyon 101(a)(27) INA a, selon seksyon 525 Lwa Biblik 110-161.
- pou Medicaid, imigran ki soti nan Eta Federasyon Mikwonezi, Republik Zile Marshall, ak Republik Palau epi ki rezide legalman Ozetazini dapre yon seri trete ak Etazini yo ke yo rekònèt kòm Compacts Free Association (COFA).
 - Imigran COFA ki vin chanje estati yo pou rezidans pèmanan legal (LPR) ap genyen yon règ espesyal senk ane atant kap aplike. Moun nan ta dwe sijè a règ espesyal senk ane atant sèl si yo genyen oswa te genyen yon estati ki nan lis 130 CMR 518.003(A)(1)(a).
 - Migran COFA ki ajiste yo ak estati LPR apre chanjman lwa nan dat 27 Desanm 2020 ap kapab itilize dat yo te kòmanse rezide nan Etazini kòm yon imigran COFA oswa 27 Desanm 2020 toudepan sa ki vin apre a, kòm premye jou, yon jan pou yo satisfè règ atant senk lane a.
 - Migran COFA ki te ajiste estati yo a LPR anvan chanjman nan lwa nan dat 27 Desanm 2020, ta dwe gen peryòd atant senk lane a kòmanse nan dat yo te vin yon LPR.
- 2. Moun ki kalifye paske yo gen yon estati kalifye ki idantifye nan "A" anba a epi ki te satisfè youn nan kondisyon ki site nan "B" anba a. Moun sa yo se:
 - A. moun ki genyen youn oswa plizyè nan estati sa yo:
 - Moun yo admèt pou rezidans pèmanan legal (LPR) selon lwa sou Imigrasyon ak Nasionalite a (INA) a; oswa
 - Moun yo mete an libète sou siveyans pandan omwen ennan selon seksyon 212(d) (5) INA a; oswa
 - Yon konjwen oswa yon timoun ki viktim vvolans, oswa timoun yon paran ki viktim vvolans oswa paran yon timoun ki viktim vvolans ki satisfè kritè seksyon 431(c) lwa

ki tabli yon Koneksyon ant Responsabilite Pèsonèl ak Opòtinite Travay (Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act) (PRWORA) ane 1996 la 8 U.S.C. 1641; epi

B. satisfè omwen youn nan twa kondisyon ki pral site la a:

- Yo te genyen yon estati ki site nan 2.A. anwo a pandan senk an oswa plis (yon etranje ki viktim abi ki rive nan estati sa a lè yo aksepte petisyon an pou etabli yon akizasyon ki sanble li fonde);
- Yo te rantre Ozetazini anvan 22 out 1996, kèlkanswa estati yo te genyen lè yo te rantre a, epi yo te prezan Ozetazini san entèripsyon jiskaske yo te atenn yon estati ki site nan 2.A. anwo a. Nan bi sa a, yo konsidere yon moun preznan san entèripsyon kòm yon moun ki te absan Ozetazini pandan pa plis pase 30 jou konsekutif oswa 90 jou non-konsekutif anvan li te atenn yon estati ki site nan 2.A. anwo a; oswa
- Yo genyen oswa yo te genyen yon estati ki site nan nimewo 1 anwo a.

Etranje kalifye ki eskli

Moun ki te gen yon estati ki site nan kategori etranje ki kalifye nan 2.A. anwo a (rezidan pèmanan legal, moun ki nan libète sou kondisyon pandan omwen ennan oswa viktim abi ki se etranje) epi **ki pa** satisfè youn nan kondisyon ki site nan 2.B. anwo a, yo se etranje kalifye ki eskli. Etranje kalifye ki eskli, tankou etranje ki kalifye, se imigran ki nan peyi a legalman. Moun ki se etranje kalifye ki eskli ka elijib pou MassHealth Standard, Family Assistance oswa Limited. Yo ka elijib tou pou benefis atravè Health Connector ak Health Safety Net la.

Endividé ki pa kalifye ki nan peyi a legalman

Gen de moun ki se endividé ki pa kalifye ki nan peyi a legalman epi ki satisfè youn nan estati sa yo ka elijib pou MassHealth Standard, Family Assistance oswa Limited. Yo ka elijib tou pou benefis atravè Health Connector ak Health Safety Net la. Endividé ki pa kalifye ki nan peyi a legalman se moun sa yo.

- Yon moun ki nan yon estati non-imigran ki valid jan sa defini nan 8 U.S.C. 1101(a)(15) oswa jan sa defini nan lwa imigrasyon nan 8 U.S.C. 1101(a) (17).

- Moun kalifye men ki pa sitwayen jan sa defini nan 8 USC1641 (b) ak (c)
- Yon moun yo mete an libète sou siveyans Ozetazini annakò ak 8 U.S.C. 1182(d)(5) pou mwens pase ennan eksepte yon endividé yo mete an libète sou siveyans pou jijman, pou enspeksyon difere oswa k ap tann pwosedi depòtasyon.
- Moun ki fè Seksyon youn nan klas sa yo:
 - yo te resevwa estati kòm rezidan tanporè annakò ak 8 U.S.C. 1160 oswa 1255a, respektivman;
 - te resevwa estati pwoteje tanporè (TPS) annakò ak 8 U.S.C. 1254a, epi moun ki gen aplikasyon annatant pou TPS ki te resevwa otorizasyon pou travay;
 - te resevwa otorizasyon pou travay daprè 8 CFR 274a.12(c);
 - benefisyè Inite Familyal annakò ak seksyon 301 Lwa Biblik 101-649, jan sa modifye;
 - daprè Depòtasyon Ranvwaye (Deferred Enforced Departure) (DED) annakò ak yon desizyon prezidan an te pran;
 - te resevwa estati Aksyon ki Ranvwaye, eksepte pou aplikan oswa moun ki te resevwa estati daprè pwosesis DHS pou moun ki vini nan peyi a anbazaj (DHS Deferred Action for Childhood Arrival Process) (DACA);
 - te resevwa yon pèmisyon administratif pou rete tanporèman nan peyi a daprè 8 CFR Seksyon 241; oswa
 - benefisyè petisyon pou viza ki apwouve ki gen yon aplikasyon ki annatant pou ajisteman estati.
- Moun ki gen yon aplikasyon annatant pou azil daprè 8 U.S.C. 1158, oswa pou sispanasyon depòtasyon daprè 8 U.S.C. 1231, oswa daprè Konvansyon kont Tòti ki:
 - te resevwa otorizasyon pou travay; oswa
 - pokon 14 an epi ki te gen yon aplikasyon ki annatant pandan omwen 180 jou.
- Moun ki te resevwa sispanasyon depòtasyon daprè Konvansyon kont Tòti.
- Timoun ki gen yon aplikasyon ki annatant pou estati espesyal pou imigran jivenil jan sa dekri nan 8 U.S.C. 1101(a)(27)(J).

Etranje kalifye ki eskli ak moun ki pa kalifye ki legal nan peyi a

Etranje kalifye ki eskli ak moun ki pa kalifye ki legal nan peyi a ki gen 65 an oswa plis ka elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited, oswa Health Safety Net.

Moun ki pa kalifye k ap viv anba asirans lalwa (Nonqualified Persons Residing Under Color of Law) (PRUCOL ki pa kalifye)

PRUCOL ki pa kalifye yo se kèk etranje ki pa legal nan peyi a. Moun sa yo ka ap viv Ozetazini defason pèmanan anba asirans lalwa jan sa dekri nan 130 CMR 518.000. Kèk moun ki PRUCOL ki pa kalifye epi ki ranpli youn nan kondisyon estati sa yo ka elijib pou MassHealth Family Assistance oswa Limited. Yo ka elijib tou pou benefis atravè Health Safety Net.

- Etranje k ap viv Ozetazini annakò ak yon sispansony endefini depòtasyon
- Etranje k ap viv Ozetazini annakò ak yon depa volontè endefini
- Etranje ak fanmi yo ki kouvri pa yon petisyon apwouve ke yon manm fanmi pwòch te fè, ki gen dwa pou depa volontè, epi kote Depatman Sekirite Nasional Etazini (DHS) pa gen entansyon aplike pwosedi depòtasyon an
- Etranje ke DHS oswa yon jij imigrasyon te akòde depa volontè, epi kote DHS pa gen entansyon aplike depòtasyon an
- Etranje k ap viv dapre lòd sipèvizon epi ki pa gen otorizasyon pou travay daprè 8 CFR 274a.12(c)
- Etranje ki te rantre Ozetazini epi ki kontinye ap viv kontinyèlman Ozetazini depi anvan 1ye janvye 1972
- Etranje ki te resevwa sispansony depòtasyon, epi kote DHS pa gen entansyon aplike pwosedi depòtasyon an
- Etranje ki gen yon aplikasyon annatant pou azil daprè 8 U.S.C. 1158 oswa pou sispansony depòtasyon daprè 8 U.S.C. 1231 oswa daprè Konvansyon kont Tòti ki pa t jwenn otorizasyon pou travay, oswa ki pokon gen 14 an epi ki pa t gen yon aplikasyon annatant pandan omwen 180 jou
- Etranje ki te resevwa estati Aksyon Ranvwaye pou moun ki vini nan peyi a anbazaj (Deferred Action for Childhood Arrival) oswa ki gen yon aplikasyon ki annatant pou estati sa a

■ Etranje ki te ranpli yon aplikasyon, petisyon oswa demann pou gen yon estati ki legal nan peyi a epi yo te aksepte aplikasyon oswa petisyon sa a kòm yon aplikasyon ki ranpli kòrektemen men ki poko resevwa otorizasyon pou travay, epi kote DHS pa gen entansyon aplike pwosedi depòtasyon an

■ Nenpòt lòt etranje k ap viv Ozetazini avèk konesans ak konsantman DHS, epi kote DHS pa gen entansyon aplike pwosedi depòtasyon an. (Moun sa yo enkli moun yo te bay ekstansyon pou depa volontè akòz kondisyon ki egziste nan peyi moun sa a daprè yon detèminasyon Sekretè Deta a fè.)

PRUCOL ki pa kalifye

PRUCOL ki pa kalifye ki gen 65 an oswa plis ka elijib pou MassHealth Family Assistance, Limited oswa Health Safety Net.

Lòt etranje

Si estati imigrasyon w pa dekri anwo a, yo konsidere w kòm yon lòt etranje. Ou ka elijib pou MassHealth Limited oswa Health Safety Net.

SONJE: Moun ki t ap resevwa MassHealth, ki te konn rele Medical Assistance oswa CommonHealth le 30 jen 1997, ka kontinye resevwa benefis yo kèlkeswa estati imigrasyon yo si otreman yo ta elijib.

Elijiblite imigran yo pou benefis ki finanse publikman defini nan federal Personal Responsibility and Work Opportunity Reconciliation Act of 1996, federal Balanced Budget Act of 1997 epi nan plizyè lòt dispozisyon nan lwa eta a. Pou lòt detay siplémentè, gade règleman MassHealth yo nan 130 CMR 518.000.

Kondisyon pou estati sitwayen/resòtisan ameriken pou MassHealth ak plan Health Connector yo

Kondisyon pou idantite pou Health Safety Net la

Prèv estati sitwayen/resòtisan ameriken AK idantite*

- * Eksepsyon: Moun aje yo ak moun ki envalid yo ki resewva oswa ki ka resewva Medicare oswa Revni Sekirite Siplemantè (SSI) oswa moun ki envalid ki resewva Asirans Envalide Sekirite Sosyal (SSDI) PA bezwen bay prèv estati yo kòm sitwayen/resòtisan ameriken ak idantite yo. Yon timoun ki fêt epi manman l te déjà ap resewva MassHealth nan dat timoun nan fèt la pa bezwen bay prèv estati sitwayen/resòtisan ameriken ak idantite l.

Bagay ki pral site anba a se fòm ki akseptab kòm prèv NI pou estati sitwayen/resòtisan ameriken NI pou idantite. (Pa gen lòt dokiman ki nesesè.):

- yon paspò ameriken, li enkli yon kat paspò ameriken Depatman Deta a bay, san n pa gade sou ankenn dat ekspirasyon depi yo te emèt paspò sa a oswa kat sa a san limit; oswa
- yon sètifica natiralizasyon ameriken; oswa
- yon sètifica sitwayènte ameriken; oswa
- yon dokiman ki soti nan yon tribi endyen ke gouvènman federal la rekonèt, jan sa pibliye nan rejis federal la pa Biwo Zafè Endyen ki nan Depatman Enteryè Etazini, epi li idantifye tribi endyen gouvènman federal la rekonèt ki te bay dokiman an, li idantifye moun nan daprè non l epi li konfime adezyon, enskripsyón oswa afilyasyon moun nan nan tribi a. Dokiman sa yo enkli, men se pa sèlman sa: yon kat enskripsyón nan tribi a, yon sètifica ki montre degré san endyen moun nan genyen, yon dokiman resansman tribal ak dokiman sou papye antèt tribi a ki gen siyati ofisyèl tribi awopriye a epi ki satisfè kondisyon yo ki nan 130 CMR 504.000.

OSWA

Prèv estati sitwayen/resòtisan ameriken sèlman

Si yo pa prezante youn nan dokiman yo ki satisfè ni sitwayènte ni idantite, yo ka aksepte dokiman ki pral site anba a kòm prèv estati sitwayen/resòtisan ameriken sèlman.

- Yon batistè ameriken (li enkli 50 eta yo, District of Columbia, Pòtoriko (le 13 janvye 1941 oswa aprè dat sa a), Gwàm, zile Vyèj ameriken (le 17 janvye

1917 oswa aprè dat sa a), Samowa ameriken, zile Swain, oswa Commonwealth of the Northern Mariana Islands (CNMI) (aprè 4 novanm 1986). Se kapab eta a, Commonwealth la, tèritwa a oswa jirisdiksyon lokal la ki bay batistè sa a. Moun nan kapab natiralyze kolektivman tou daprè regilasyon federal.

- Yon konparezon ak rejis deta sivil Massachusetts kote yo anrejistre batistè
- Yon sètifikasyon sou yon deklarasyon nesans yo bay sitwayen ameriken yo ki fêt aletranje
- Yon deklarasyon nesans yon sitwayen ameriken ki fêt aletranje
- Sètifikasyon nesans
- Yon kat idantifikasiyon sitwayen ameriken
- Yon kat idantifikasiyon zile Maryàn nò yo bay yon sitwayen natiralyze kolektivman ki te fêt nan CNMI anvan 4 novanm 1986
- Yon dekrè adopsyón final ki montre non timoun nan ak kote l te fêt Ozetazini (si adopsyón an pa final, yon deklarasyon ki sot nan yon ajans adopsyón leta apwouve ki montre non timoun nan ak kote l te fêt Ozetazini)
- Prèv ou te travay nan sèvis sivil Ozetazini anvan 1ye jen 1976
- Yon dosye ofisyèl militè Etazini ki montre kote ou te fêt Ozetazini
- Yon match done avèk pwogram Verifikasiyon Sistematik Etranje pou dwa ak privilèj (Systematic Alien Verification for Entitlements) (SAVE) oswa nenpòt lòt pwosesis Depatman Sekirite Nasional la (DHS) tabli pou pwouve yon moun se yon sitwayen
- Dokimantasyon ki montre yon timoun satisfè kondisyon seksyon 101 nan lwa sou Sitwayènte Timoun lane 2000 (Child Citizenship Act of 2000) (8 U.S.C. 1431)
- Dosye medikal, li enkli, men se pa sèlman sa, dosye lopital, klinik, oswa doktè oswa papye ki montre admisyón nan yon etablisman enfimyè, etablisman swen espesyalize oswa lòt enstitisyón ki endike yon kote moun nan te fêt Ozetazini
- Dosye asirans vi, asirans sante oswa lòt asirans ki endike kote moun nan te fêt Ozetazini
- Yon dosye reliye ofisyèl ki anrejistre Ozetazini ki montre nesans lan te fêt Ozetazini
- Dosye lekòl, li enkli jadandanfan, Head Start ak gadri ki montre non timoun nan ak kote li te fêt Ozetazini

- Dosye resansman federal oswa leta ki montre sitwayènte ameriken oswa kote moun nan te fèt Ozetazini
- Si yon moun pa genyen youn nan dokiman ki site nan 130 CMR 518.000, li ka soumèt yon afidavit yon lòt moun siyen, sou pèn fo temwayaj, ki ka rezonableman sètifye sitwayènte moun nan epi ki genyen non moun nan, dat nesans li ak kote l te fèt Ozetazini. Yo pa bezwen notarye afidavit la.

PLIS

Prèv idantite sèlman

1. Dokiman ki pral site la yo akseptab kòm prèv idantite depi dokiman sa a genyen yon foto oswa lòt enfòmasyon ki idantifye w tankou, men se pa sèlman sa, non, laj, sèks, ras, wotè, gwosè, koulè je oswa adrès.
 - Dokiman idantite ki site nan 8 CFR 274a.2(b)(1) (v)(B)(1), eksepte yon lisans chofè yon otorite gouvènman kanadyen an bay
 - Yon lisans chofè yon eta oswa yon tèritwa bay
 - Yon kat idantifikasyon lekòl
 - Yon kat lame ameriken oswa yon dosye anwolman
 - Yon kat idantifikasyon gouvènmann federal. leta oswa lokal la bay
 - Yon kat idantifikasyon depandan lame
 - Yon kat Marin Machann Gadkòt ameriken.
2. Pou timoun ki poko gen 19 an, yon dosye klinik, doktè, lopital oswa dosye lekòl li enkli dosye jadandanfan oswa gadri.
3. De dokiman ki genyen enfòmasyon ki konsistan ki konfime idantite yon aplikan. Dokiman sa yo enkli, men se pa sa sèlman
 - kat idantifikasyon anplwayè
 - diplòm lekòl segondè ak kolej (li enkli diplòm ekivalans lekòl segondè)
 - sètifikasi maryaj
 - dekrè divòs
 - tit pwopriyete oswa zak notarye
 - yon souch chèk anplwayè w gen kounyea ba w ki gen non ak adrès aplikan an ki deja enprime sou li, ki date nan espas 60 jou anvan dat aplikasyon an
 - prèv resansman ki genyen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an

- yon deklarasyon panson oswa retrèt ki sot nan men yon ansyen anplwayè oswa fon panson ki montre non ak adrès aplikan an, ki date nan espas 12 mwa aplikasyon an
- ekolaj oswa bil ki montre lajan moun nan prete pou l al lekòl ki gen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an
- bil kouran, dlo, telefòn selilè, kat kredi, bil doktè oswa bil lopital ki genyen non ak adrès aplikan an, ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an
- kontra asirans valab ki pou pwopriyetè kay, lokatè oswa machin ki gen adrès moun nan ki deja enprime sou li, ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an oswa yon bil pou asirans sa a ki gen adrès moun nan ki deja enprime sou li ki date pa plis pase 60 jou anvan dat aplikasyon an
- kontra-lwaye ki date pa plis pase 12 mwa anvan dat aplikasyon an oswa ipotèk kay ki idantifye aplikan an ak adrès li
- fòm W-2 ki pwouve w ap travay oswa lòt dokiman ki montre non ak adrès aplikan an anplwayè a te soumèt bay ajans gouvènman an paske moun nan ap travay.

4. Yon konsta idantite ki soti nan yon ajans federal oswa leta, li enkli, men se pa sa sèlman, yon asistans publik, lapolis, depatman revni, biwo taks oswa ajans koreksyonèl, si ajans lan te pwouve epi sètifye idantite moun nan.
5. Yon konsta idantite ki soti nan yon ajans Express Lane, jan sa defini nan seksyon 1902(e)(13)(F) Lwa Sekirite Sosyal la.

Si aplikan an pa genyen ankenn nan dokiman yo ki espesifye nan pwen 1., 2. oswa 3. ki anwo yo epi yo pa bay prèv idantite grasa dokiman ki nan pwen 4. oswa 5. anwo yo, aplikan an ka soumèt yon afidavit yon lòt moun siyen, sou pèn fo temwayaj, ki ka rezonableman sètifye idantite aplikan an. Afidavit sa a dwe genyen non aplikan an ak lòt enfòmasyon ki ka konfime idantite l, jan sa dekri nan premye pwen prensipal anwo a. Yo pa bezwen notarye afidavit sa a.

SEKSYON 9

Ki kote pou w jwenn èd

Sant pou sèvis kliyan nan MassHealth

(800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 pou moun ki soud, moun ki tande di oswa moun ki gen difikilte pou pale

Sijè

- Kouman pou jwenn yon yon Aplikasyon pou moun aje
- Kouman pou jwenn yon Sipleman pou swen alontèm oswa yon Sipleman pou PCA
- Kouman pou jwenn yon Aplikasyon pou MassHealth Buy-In
- Ki kote pou voye yon aplikasyon pou moun aje
- Enfòmasyon jeneral sou elijiblite
- Sèvis medikal ki kouvari
- Kouman pou jwen sèvis entèprèt
- Fason pou jwenn prèv yo
- Prim MassHealth yo
- Kouman pou jwenn yon pwofesyonèl medikal ki afilye ak MassHealth
- Sèvis nan kadijans - lè w pa nan Massachusetts kesyon konsènan pwosesis pou anrejistre elektè ak èd pou ranpli fòm pou anrejistre kòm elektè
- Ki kote pou rapòte chanjman

Pou rapòte chanjman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki liste anwo a, oswa:

Voye enfòmasyon sou chanjman an pa lapòs nan Health Insurance Processing Center

PO Box 4405
Taunton, MA 02780
Faks enfòmasyon sou chanjman an nan (857) 323-8300

Biwo Egzekitif pou Zafè Moun Aje (EOEA)

(800) AGE-INFO
[(800) 243-4636, TTY: (877) 610-0241]

Sijè

- Pwogram Avantaj Preskripsyon nan Zafè Moun aje (*Moun ki pap resevwa benefis pou medikaman w achte ak preskripsiyan nan MassHealth oswa Medicare, ki swa poko gen 65 an epi ki andikape, oswa ki gen 65 an oswa plis, epi ki vle resevwa enfòmasyon konsènan èd yo ka resevwa pou pri medikaman w achte avèk preskripsiyan*)

Sant enskripsyon MassHealth

(800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 lib-sèvis disponib 24 è sou 24/7 jou pa semèn

Sijè

- Enfòmasyon sou elijiblite manm yo
- Kijan pou jwenn fòm MassHealth yo
- Avi sou elijiblite
- Kouman pou mande yon odyans san patipri pou w ka pote yon Desizyon ann apèl
- Kouman pou ranpli kondisyon pou franchiz
- Kantite malad peye pou swen alontèm (PPA)
- Kouman pou ranplase yon kat MassHealth
- Enfòmasyon pou trete ka
- Egzanp prèv ki akseptab

Pwogram Espesyal nan MassHealth

(800) 408-1253, TTY: (800) 231-5698

- Pwogram Kaileigh Mulligan—Swen Adomisil pou Timoun Enfim
- PACE (Pwogram ki gen Tout Kalite Swen Ladan li pou Moun Aje)

(800) AGE-INFO, TTY: MassRelay 711

- Pwogram pou Moun Aje Frèl (Frail Elder Program)

(800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648

- Chòk Twomatik nan Sèvo
- Adilt ki gen yon Andikap Entelekyèl

(866) 281-5602, TTY: (800) 596-1746

- Chòk Aki nan Sèvo (Acquired Brain Injury)

(855) 499-5109, TTY: (800) 596-1746

- Plan Vanse pou pi Devan (Moving Forward Plan)

Responsabilite Tyès Pèson

(800) 754-1864

Sijè

- Rekiperasyon privilèj sou byen imobilye
- Rekiperasyon nan aksidan
- Rekiperasyon byen

Board of Hearings (Komite pou odyans yo)

(617) 847-1200 oswa (800) 655-0338

Faks: (617) 887-8797

100 Hancock St., 6th Floor
Quincy, MA 02171

Sijè

- Apèl nan MassHealth—odyans san patipri

**MassHealth Disability Accommodation
Ombudsman (Medyatè MassHealth pou
Akomodasyon moun ki gen Andikap)**

(617) 847-3468, TTY: (617) 847-3788
100 Hancock Street, 6th floor
Quincy, MA 02171
ADAAccommodations@state.ma.us

Sijè

- Pou moun k ap aplike yo ak manm yo ki gen andikap ki bezwen akomodasyon

Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA)

(800) 772-1213 | www.ssa.gov

Sijè

- Kondisyon Patisipasyon pou enskripsyón nan Sekirite Sosyal pou Medicare Seksyon A ak Seksyon B
- Benefis Sekirite Sosyal
- Benefis Revni Sekirite Siplementè (SSI)
- Pou aplike pou yon SSN

**Asirans Medicare pou
medikaman w achte ak preskripsiyon**

(800) MEDICARE
[(800) 633-4227, TTY: (877) 486-2048]
www.medicare.gov

Senior Care Options
(888) 885-0484, TTY: (888) 821-5225

Massachusetts Health Connector
(877) MA ENROLL
[(877) 623-6765, TTY: (877) 623-7773]
www.mahealthconnector.org

Sijè

- rapòte chanjman
- enfòmasyon konsènan enskripsyón nan plan asirans, prim, kotpa ak lòt enfòmasyon sou pwogram lan epi apèl konsènan plan asirans medikal ou a
- Elijiblite manm pou Health Connector a
- Enfòmasyon sou verifikasyon karakteristik pou sa gen elijiblite nan Health Connector ak egzanp fòm prèv ki akzeptab.
- Enfòmasyon sou faktirasyon Health Connector pou prim ak estati peman

Pou rapòte fwòd manm oswa founisè

(877) 437-2830, (877) 4-FRAUD-0

Sant sèvis kliyan pou Health Safety Net

(877) 910-2100

Sijè

- Health Safety Net

Plent avèk HSN

Health Safety Net Office
Attn: HSN Grievances
100 Hancock St., 6th Floor
Quincy, MA 02171

Sèvis legal

Gen yon lis sèvis legal gratis epi bon mache ki disponib sou sit entènèt MassHealth la nan www.mass.gov/masshealth.

Si w ta renmen gen lis sa a sou fòm enprime, rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.



Department of Transitional Assistance


Do you need help meeting your basic needs?

DTA can provide you and your family with:

- SNAP (Food assistance)
- TAFDC or EAEDC (Economic assistance)

Households may be eligible for:

- Referrals to education, training or career preparatory programs
- Child care and transportation payments for those working or seeking work
- Nutrition education
- Free health insurance



To Learn More About DTA



Visit our website at mass.gov/dta. Review information about the SNAP, TAFDC or EAEDC programs.



Call the DTA Assistance Line at 1-877-382-2363. Case managers are available Monday to Friday between 8:15 am to 4:45 pm. Self-service options are available through the assistance line 24/7.



Stop by a local Transitional Assistance Office. To find the nearest office, visit our website.

Apply For SNAP Today Via DTA Connect



Apply for SNAP benefits online via DTAconnect.com. You can use the website or download the DTA Connect mobile application to keep tabs on your case. To apply for TAFDC or EAEDC, visit your local Transitional Assistance Office.

ENFÒMASYON ENPÒTAN KONSÈNAN ENSKRIPSYON POU MOUN K AP VOTE



Chè moun kap aplike oswa manm:

Lwa Nasyonal ane 1993 lan sou Enskripsyon Elektè a egzije pou MassHealth baw opòtinite pou enskri pou vote. Desizyon w pou enskri pou vote pa pral afekte elijiblite w pou benefis.

W ap jwenn yon fòm anrejistremant elektè pou voye pa lapòs nan mitan tiliv sa a, si tiliv sa a gen aplikasyon pou MassHealth la. Si w ta renmen pou yo voye pou ou yon fòm pou enskripsyon pou vote, tanpri rele n nan nimewo (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

Lè w resevwa fòm lan, ranpli li epi voye l nan lameri vil ou an. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis enskripsyon pou vote a, oswa si w bezwen èd pou ranpli fòm lan, rele youn nan nimewo telefòn ki site anwo yo, oubyen ale nan yon biwo MassHealth ki lokal. W ap jwenn adrès biwo MassHealth yo nan www.mass.gov/masshealth.

Sonje: Ou pa pral enskri pou vote pazavan ou ranpli epi ou voye fòm pou enskripsyon pou vote a nan lameri w lan. Depatman elekson lokal ou an pral fè w konnen pa ekri lè yo fin travay sou enskripsyon w lan. Si w pa resevwa yon notis pa ekri nan yon delè rezonab, kontakte depatman elekson nan lameri lokal ou an pou plis enfòmasyon.

VOTE-3 (HC) (Rev. 03/16)

Commonwealth of Massachusetts | Executive Office of Health and Human Services | MassHealth

NIVO POVRETE FEDERAL (MANSYÈL)

Gwosè fanmi an	100%	133%	150%	200%	250%	300%	400%
1	\$1,133	\$1,507	\$1,699	\$2,265	\$2,832	\$3,398	\$4,530
2	\$1,526	\$2,030	\$2,289	\$3,052	\$3,815	\$4,578	\$6,104
3	\$1,920	\$2,553	\$2,879	\$3,839	\$4,798	\$5,758	\$7,677
4	\$2,313	\$3,076	\$3,469	\$4,625	\$5,782	\$6,938	\$9,250
5	\$2,706	\$3,599	\$4,059	\$5,412	\$6,765	\$8,118	\$10,824
6	\$3,100	\$4,122	\$4,649	\$6,199	\$7,748	\$9,298	\$12,397
7	\$3,493	\$4,646	\$5,239	\$6,985	\$8,732	\$10,478	\$13,970
8	\$3,886	\$5,169	\$5,829	\$7,772	\$9,715	\$11,658	\$15,544
Moun siplémentè	\$394	\$524	\$590	\$787	\$984	\$1,180	\$1,574

MassHealth mete ajou nivo povrete federal yo chak ane daprè chanjman gouvènman federal la fè. Nivo revni ki anwo a reflete estanda yo apati 1ye mas 2022. Yo awondi chif sa yo men yo gendwa pa menm ak chif yo ki itilize nan detèminasyon pwogram nan.

Gade tanpri sit entènèt nou a nan www.mass.gov/service-details/eligibility-figures-tables-for-masshealth-applicants-and-members pou tou dènye tablo a.

**This information is important.
It should be translated right away.
We can translate it for you free of charge.
Call us at (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.**

**This information is available in
alternative formats such as braille
and large print.
To get a copy, please call us at
(800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.**

Esta información es importante y debe ser traducida inmediatamente. Podemos traducirla para usted gratuitamente. Llámennos al (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Spanish)

Esta informação é importante. Deverá ser traduzida imediatamente. Nós podemos traduzí-la para você gratuitamente. Entre em contato conosco no (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Brazilian Portuguese)

此處的資訊十分重要，應立即翻譯。我們可以免費為您翻譯。請撥打電話號碼 (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648，與我們聯繫。

(Chinese)

Enfòmasyon sa enpòtan. Yo fèt pou tradwi li tou swit. Nou kapab tradwi li pou ou gratis. Rele nou nan (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Haitian Creole)

Những tin tức này thật quan trọng. Tin tức này cần phải thông dịch liền. Chúng tôi có thể thông dịch cho quý vị miễn phí. Xin gọi cho chúng tôi tại số (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Vietnamese)

Эта информация очень важна. Ее нужно перевести немедленно. Мы можем перевести ее для вас бесплатно. Позвоните нам по телефону (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Russian)

هذه المعلومات هامة. يجب ترجمتها فوراً. يمكننا ترجمتها لك مجاناً. اتصل بنا على الرقم (800) 841-2900, (800) 497-4648.

(Arabic)

នេះជាគំណែងចំខាន់។ ភ្នែកនៅពេលបរិច្ឆេទមួយ។ យើងអាចបកប្រើបានសំបុត្រកំដៅក្នុងការបង្កើតគំនិតចុះលទ្ធផល។ សូមទូរស័ព្ទទេមកយុទ្ធសាស្ត្រ (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648

(Khmer)

Cette information est importante. Prière de la traduire immédiatement. Nous pouvons vous la traduire gratuitement. Appelez-nous au (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(French)

Questa informazione è importante. Si pregha di tradurla immediatamente. Possiamo tradurla per voi gratuitamente. Chiammateci all (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Italian)

이 정보는 중요합니다. 이는 즉시 번역해야 합니다. 저희는 귀하를 위해 이를 무료로 번역해드릴 수 있습니다. (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 (으)로 전화 주십시오.

(Korean)

Αυτή η πληροφορία είναι σημαντική και πρέπει να μεταφραστεί άμεσα. Μπορούμε να τη μεταφράσουμε για εσάς δωρεάν. Καλέστε μας στον αριθμό (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Greek)

To jest ważna informacja. Powinna zostać niezwłocznie przetłumaczona. My tłumaczymy dla Państwa bezpłatnie. Prosimy do nas zadzwonić pod nr (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Polish)

यह जानकारी महत्वपूर्ण है। इसका अनुवाद भलीभांत किया जाना चाहिए। हम आपके लिए इसका अनुवाद नशुल्क कर सकते हैं। हमें (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 पर कॉल करें।

(Hindi)

આ મહત્વાની છે. તેનું તરત જ અનુવાદ થયું જોઈએ. અમે વન્નો મૂલ્યે તમારા માટે તેમ કરી શકીએ છીએ. અમને (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648 પર કોલ કરો.

(Gujarati)

ຂໍ້ມູນນີ້ສໍາຄັນ. ມັນມີຄວາມຈຳເປັນຕົ້ອງແປເລີຍ. ພວກເຮົາຈະມາດຊາຍແປໃຫ້ທ່ານໄດ້ຢືນເລີ່ມຕົ້ນ. ໂທ່າງພວກເຮົາໄດ້ທີ່ (800) 841-2900, TTY: (800) 497-4648.

(Lao)

